УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

№22 (14079)

Черкес хэку

2026 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 28, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэ щ

И уасэр соми 3-щ

Гъатхэпэм и 27-р — УФ-м и Лъэпкъ гвардием и Махуэщ

IэщIагъэ махуэщIым къикIыу

Хъуэхъу

ПщIэ зыхуэтщI къулыкъущIэхэ, Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэ пакIэм и ветеранхэ, и лэжьакIуэхэ! Дывохъуэхъу фи IэщIагъэ махуэщIымкIэ!

Мы гъэр хабзэхъумэ дзэ пакIэмкIэ хэхащ — абы зэуэ къызэщIеубыдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ махуэщIитI: фи къулыкъум и лъабжьэм щыта, абы и япэ подразделенэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 215-рэ, Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и Федеральнэ къулыкъур къызэрагъэщIрэ илъэси 10 ирокъу. Мы бжыгъэхэр — махуэбжым къыхэщ махуэщI закъуэкъым, атIэ Хэкум и хабзэмрэ и шынагъуэншагъэмрэ лIыщIыгъуитI хъуауэ зыхъумэхэр къыхэзыгъэщщ, гуеигъэ, лIыгъэ, къалэным хуэпэжын хабзэхэр щIыхь пылъу зезыхьэхэм я нагъыщэщ.

Хабзэм и хъумакIуэ дзэ пакIэм и тхыдэр къыгуэхынIэ имыIэу епхащ езы Урысейм и тхыдэм. ФIэщыгъэцIэмрэ зыхэт къулыкъумрэ захъуэжащ, ауэ зызымыхъуэжу къэнар нэхъыщхьэращ — цIыхухэр хъумэным хуэхьэзыру щытыныр, зэпIэзэрытыныгъэр къызэгъэпэщыныр, сыт хуэдэ шынагъуэми пэщIэтынырщ. Нобэ Росгвардием и Управленэу Къэрэшей-Черкес Республикэм щыIэм и къулыкъущIэхэм щIыхь пылъу адэкIи пащэ а хабзэхэр, жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къэрал IуэхущIапIэхэмрэ хъумэным, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ебэныным ехьэлIауэ жэуаплыгъэ зыпылъ къалэн хьэлъэхэр зэфIах.

Хэхауэ фIыщIэ фхудощI ветеранхэм, фи псэемыблэж гуащIэдэкIымрэ фи гъащIэ зэфIэкIхэмрэ я лъабжьэу, иджырей Росгвардиер зэраухуэм папщIэ. Ину ди щхьэр фхудогъэщхъ ефхьэкIа къулыкъумрэ къытщIэтаджэ щIэблэм щапхъэгъэлъагъуэ фаззрыхуэхъумрэ къыхэкIыу.

Нобэ ди гупсысэхэр яхуэгъэзащ ди къэралым и лъэпкъ хьэлэмэтхэр зыхъумэу зауэ операцэ хэхам хэтхэм. Фи быдагъэм, фхэлъ лIыгъэмрэ зызэщIэгъэкъуэныгъэмрэ хуабжьу дрогушхуэ. ТекIуэныгъэр фIэщIэлъу, фыузыншэу, псэууэ фи унагъуэхэм фыкъекIуэлIэжыну дыныфпоплъэ.

ПщIэ зыхуэтщI, ди ныбжьэгъухэ! Мы махуэщIым узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыныгъэ, Хэкум къулыкъу хуэщIэнымкIэ адэкIи ехъулIэныгъэ фиIэну дывохъуэхъу! Фи унагъуэхэм мамырыгъэ, хуабагъэрэ лъагэуныгъэрэ илъыну!

ТЕМРЕЗОВ Рэшид,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ

ИВАНОВ Александр,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ

АРГУН Мурат,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ

Шынагъуэншагъэм и плъырхэр

Гъатхэпэм и 27-м илъэси 10 ирикъуащ Росгвардием и хэгъуэгу Управленэу КъЧР-м щыIэр. А къэхъукъащIэ хэIэтыкIам ехьэлIауэ гуфIэгъуэ дауэдапщэ щызэхэтащ Черкесск къалэм щэнхабзэмкIэ Унэм.

Махуэщ1ым къеблэгъащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, Правительствэм, Парламентым къабгъэдэкIа лIыкIуэхэр, УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым КъЧР-м къыбгъэдэкIыу хэт сенаторхэр, районхэм я Iэтащхьэхэр, хэгъуэгу Управленэм и унафэщI Чомаев Эдуард, къулыкъущIэхэр.

— УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ 2016 гъэм Росгвардиер къагъэщIащ. Илъэси 10-м кърИубыдэу Росгвардием гъуэгуанэ купщIафIэ къикIуащ, и лъэр быдэу уващ, зиужьащ. Нобэ ар къэрал шынагъуэншагъэм и зы Iыхьэщ. ФIыщIэ псалъэ хэхакIэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ СВО-р зэрыщIидзэрэ хыхьауэ, лIыгъэрэ гуеигъэрэкIэ къэралым и хьэлэмэтхэм я плъыру щыт, мамыр гъащIэр зэфIэзыгъэувэж, зыухуэж зауэлIхэр.

КъЧР-м и Росгвардие Управленэм и унафэщI Чомаев Эдуард Ансарович, къулыкъум хэтхэм, и ветеранхэм — псоми сывохъуэхъу фи IэщIагъэ махуэщIымкIэ! Узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыныгъэ, къару, гукъыдэж фыщымыщIэну! — жиIащ хэгъуэгум и Iэтащхьэм, пшыхьым къыщыпсалъэм.

Махуэщ1ыр зейхэм хъуэхъу, фIыщIэ псалъэ куэд хуагъэфэщащ. Абыхэм пэджэжу, къэрал нагъыщэхэр, къулыкъу щIыхьыщIэхэр зыбжанэм хуагъэфэщащ. Апхуэдэу, къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэм псынщIэу пэджэжынымкIэ «Клинок» гуп хэхам и командирым и къуэдзэ Аслъэныкъуэ Роман хуагъэфэщащ «Заслуженный работник государственной службы КЧР» щIыхьыщIэ лъагэр.

Парламентым, Президиумым, Правительствэм, Управленэм къабгъэдэкIа нагъыщэхэмрэ ЩIыхь, ФIыщIэ тхылъхэмрэкIэ, къулыкъу саугъэтхэмкIэ къыхагъэщащ къулыкъум гуащIэшхуэ хуэзыгъэтIылъхэр, гъэсэныгъэ, Iэдэб зыхэлъхэр, ехъулIэныгъэфI зиIэхэр.

ТУАРШЫ Ирэ

АПК

ВКС зэIущIэ

Сату Iэдэбхэм

АПК-м епха ерыскъыхэкIхэр урысей хэгъуэгухэм зэрыщызэбграгъэкIым зыужьыныгъэ егъэгъуэтыным ехьэлIа упщIэхэм щытепсэлъыхьащ ВКС IэмалкIэ УФ-м и вице-премьер Патрушев Дмитрий и тхьэмадэу екIуэкIа зэIущIэм.

«Дмитрий Николаевич жиIащ дунейпсо сатум и зэхэтыкIэ хъуамрэ гъащIэм къытхуигъэув лъэпощхьэпохэмрэ емылъытауэ, Урысейр зи дзыхь зрагъэз къэралу, ерыскъыхэкI шынагъуэншагъэ щэджащэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIу къызэрынэжыр.

Дигу къигъэкIыжащ УФ-м и Президентым игъэува къалэныр — 2030 гъэм ехъулIэу экспортым и инагъыр 2021 гъэм иIа мардэм хуэдизрэ ныкъуэрэкIэ щхьэщыкIын зэрыхуейр. Апхуэдэ ехъулIэныгъэ зыIэрыдгъыхьэнымкIэ дыхуэныкъуэщ властымрэ хыхьэхэкIымрэ я къарур зэдэгъэлэжьэным», — зэIущIэм теухуауэ къыхигъэщащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

УФ-м и вице-премьерым хэгъуэгухэр къыхуриджащ зэгъэуIауэ зэдэлэжьэным, къэралщIыб зэлъэгъэIэсыныгъэхэм егъэфIэкIуэн папщIэ.

Гъэсынхэкl – энергетическэ комплекс

Зыужьыныгъэ Iуэхухэм

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, Правительствэм, ресурс къызэгъэпэщакIуэ организацэхэм я унафэщIхэр хэлэжьыхьащ УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу СКФО-м щыIэ Чайкэ Юрий и пашэу ВКС-кIэ Советым иригъэкIуэкIа зэIущIэм.

Ар теухуауэ щытащ хэгъуэгум и гъэсынхэкI — энергетическэ комплексым и зыужьыныгъэм пыщIа упщIэхэм.

Юрий Яковлевич къызэрилъытамкIэ, отраслым къыхуоув мыхьэнэ зиIэ къалэн щхьэхуэхэр, абыхэм ящыщщ энергоресурсхэр зэрыкIуэд гъэлъэгъуэныгъэр лъахъшэ зэрыхъур, апхуэдэуи электрокъарур зэрыIэрагъэхьэм и фIагъыпэ упщIэхэм.

Щхьэхуэу дыкъытеувыIащ республикэм и гъэсынхэкI — энергетическэ комплексым уасэ зэрыщIатыр гъэсэныгъэ хэлъу зэфIэгъэкIынымрэ егъэфIэкIуэнымрэ. Мы упщIэр сыт щыгъуи щIэтщ КъЧР-м и Правительствэм и гулъытэм: предприятэхэм дэIэпыкъуныгъэ ирагъэгъуэт, псалъэм и жыIэгъуэкIэ, хурагъэгъэзэж тарифхэм ягъуэт зэщхьэщыкIынигъэхэр, къыхухагъэкI дэIэпыкъуныгъэ гуэдзэр.

Гулъытэ щхьэхуэ ирагъэгъуэтащ УФ-м и Президентым ищIа Унафэ щхьэхуэхэм, энергетикэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щыжиIахэм.

А къалэнхэм ипкъ иту КъЧР-м и Правительствэм къызэрегъэпэщ щIыхуэ зытелъхэр гъэмэщIэным, энергоресурсхэм я уасэр и чэзум тыным ехьэлIауэ», — щитхащ КъЧР-м и лIыщхьэм социальнэ зэпыщIэныгъэхэм.

КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу

КъЧР-м и Антинаркотическэ комиссэм хэтхэм я зэIущIэр иригъэкIуэкIащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и лIыщхьэм. Абдеж щыхэплъащ 2025 гъэм зэфIэха лэжьыгъэм и къэпщытэжыныгъэхэм. ЗэрагъэбелджыламкIэ, илъэс блэкIам къигъэлъэгъуащ: зыIэрагъыхьа ехъулIэныгъэхэм къыщымынэу, гурыIуэгъуэщ лъэпощхьэпор гулъытэ зыхуэныкъуэу лъэныкъуэу къызэрынэр.

Афиным пэщIэту

Лъэпощхьэпохэм — гулъытэ

«КъЧР-м и МВД-м и зэгъэуIауэ, псынщIагъ хэлъу, фIыуэ къызэгъэпэщауэ лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIым и фIыщIэкIэ, нэхъыбэ мэхъу афиным пыщIауэ къэхъу хабзэкъутэныгъэхэм ящыщу къыщIагъэщхэр, икIэм нэс зэхагъэкIхэр. Апщыгъуэми солъытэ дэ арэзы дыкъимыщIу зэгъусэу зэдедгъэкIуэкI лэжьыгъэм, а мыхъумыщIагъэхэр нобэкIэ ди цIыхухэм я гъащIэм, я щыIэкIэ — псэукIэм зэрыхэмыкIар Iуэхум къыхэтлъытэкIэрэ.

ГъащIэм къытхуигъэув щытыкIэ хьэлъэхэм дыхуашэ бгъэдыхьэкIэщIэхэр къызэдгъэпэщыну. УФ-м и Президентым игъэува, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсым ипкъ иту, дэри ди хэгъуэгум илъэс псом гулъытэ щыхуэтщIынущ КъЧР-м щыпсэу лъэпкъхэм я псэкупсэ-щэнхабзэ щIэинхэр хъумэным. А лъэныкъуэгъазэхэм дэ дызылъэIэсыну лъагапIэ инхэр къытхуагъэув. Хабзэхэмрэ псэкупсэ лъэныкъуэгъазэхэмрэ хъумэныр лъабжьэ быдэ хуохъу жэуаплыгъэу ди къэкIуэнум дыхущытыным, мыхъумыщIагъэхэм зыпыIуддзыным», — къыхигъэщащ КъЧР-м и Iэтащхьэм и къэпсэлъэныгъэм.

ЗэIущIэм икIэм хэгъуэгум и лIыщхьэм Iэмал имыIэу зэфIэхыпхъэ пщэрылъ зыбжанэ ищIащ. Япэ щIыкIэ: афияным пэщIэт муниципальнэ комиссэхэм я лэжьыгъэр щIэгъэхуэжьэн, щIэрыщIэу щIэплъыкIыжын лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэхэр, Iуэху гъэзэщIэкIэщIэхэр къыхэлъытэн, IэщIагъэрылажьэхэр гъэсэн.

Гулъытэ хэха хуэщIыхьэкIэхэр, Iуэху гъэзэщIэкIэщIэхэр къыхэлъытэн, IэщIагъэрылажьэхэр гъэсэн.

Гулъытэ хэха хуэщIыпхъэу къыхигъэщащ ныбжьыщIэхэм, щIалэгъуалэм драгъэкIуэкI гурыгъэIуэныгъэ лэжьыгъэм, профилактикэ лэжьыгъэр псом нэхъапэ къызэгъэпэщыпхъэу къигъэлъэгъуащ хэгъуэгум и унафэщIым.

«Дэ пщэрылъ диIэщ тIэмэфынущ ди сабийхэм я къэкIуэнур, къызэтедгъэнэнущ абыхэм я узыншагъэр, дапэщIэтыфынущ лIэныгъэ къызыпыкI щытыкIэхэмрэ Iуэхугъуэхэмрэ пэIэщIэ зыхуэтщIыным», — жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Текlуэныгъэм и Илъэс 81-м хуэкlуэу

МахуэщIым иропсалъэ

Гъатхэпэм и 25-м Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэр къызэрыщихьрэ илъэс 81-рэ зэрырикъунум хуэгъэзауэ, республикэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэм зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ. УпщIэ нэхъыщхьэу щытар накъыгъэм и Махуэшхуэм зэрызыхуэдгъэхьэзырынращ.

«Накъыгъэм и 9 – р — мыхьэнэ хэха зиIэ махуэщIщ. Ди къалэнщ а махуэщIыр фIагъ лъагэ иIэу къызэдгъэпэщыныр, едгъэкIуэкIыныр, Хэкум и хуитыныгъэр къэзылъэщахэм, ноби Урысейм и хьэлэмэтхэр зыхъумэхэм яхуэфащэ щIыхьрэ пщIэрэ ядгъэгъуэтыныр», — къыхигъэщащ зэIущIэм къыщыпсалъэм КъЧР-м и Iэтащхьэм.

Къэпсэлъахэр къытеувыIащ щхьэж зэпха лъэныкъуэмкIэ лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIым.

Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, къытеувыIахэщ республикэм щыщ къалэхэм, къуажэхэм, муниципальнэ районхэм щыщ жылагъуэхэм махуэщI, фэеплъ, щэнхабзэ дауэдапщэхэр къыщызэгъэпэщыным, сабийхэм, ныбжьыщIэхэм, щIалэгъуалэм хэкупсэ лэжьыгъэ ядегъэкIуэкIыным, щIыхь куэд зыхуэфащэ ди ветеранхэм гулъытэ щхьэхуэ здедгъэгъуэт акцэхэр зэхэшэным, апхуэдэуи, махуэщIыр щагъэхьэзыркIи, щекIуэкIкIи шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным.

Щхьэхуэу къытепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтыным.

«Ди лIыхъужьхэр, абыхэм я Iыхьлыхэр ди нэIэм щIэдгъэтыныр — щыIащ икIи къонэж ди къалэн пажэхэм ящыщу.

Гулъытэ хуэтщIащ властымрэ жылагъуэмрэ я къулыкъухэр зэгъусэу, зэгъэуIауэ зэдэгъэлэжьэным. Пщэрылъ пажэхэм ящыщщ — фэеплъ щIыпIэхэр, сынхэр гъэщIэрэщIэныр, зи лIыхъужьыгъэкIэ къэралым и щIыхьыр зыгъэлъэпIа, ноби зыIэт ветеранхэм гулъытэ яхуэтщIыныр. Си фIэщ мэхъу, дызэщIыгъумэ, махуэщIыр фIагъ лъагэ иIэу зэредгъэкIуэкIынур», — щитхащ социальнэ зэпыщIэныгъэхэм республикэм и лIыщхьэм.

ЩОХЪУЖЬ Л.

ЩIыуэпс гъуэз

Программэр ягъэзащIэ

ЛъэныкъуитI зэIущIэм ипкъ иту, Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ «Газпром межрегионгаз Черкесск» ООО-м и генеральнэ унафэщI Дергачев Олегрэ ирипсэлъащ хэгъуэгум щIыуэпс гъуэз и лъэныкъуэкIэ иIэ щытыкIэм, зэдэлэжьэныгъэм, «Развитие газоснабжения и газификации Карачаево-Черкесской Республики на период 2026-2030 гг.» Программэр зэрагъэзащIэм. Апхуэдэуи, 2025 гъэм зэфIаха Iуэхухэри къапщытэжащ.

Олег Леонтьевич хэгъуэгум и Iэтащхьэр щигъэгъуэзащ иужьрей илъэсхэм хэгъуэгур щIыуэпс гъуэз и лъэныкъуэкIэ къызэгъэпэщыныгъэ зэрахьа Iэмалхэм я фIыгъэкIэ, зэпыщIэныгъэ бжьамийхэм КъЧР-м и жылагъуи 120-рэ кърапхыну зэрахуэзэфIэкIам.

Илъэситху ипэкIэ зэлэжьыну яубзыхуа ПрограммэщIэм къызэриубыдым тету, хэгъуэгум щаухуэн я мурадщ жылагъуэхэр, къуажэ кIуэцIхэр зэпызыщIэ, щIыуэпс гъуэз зрикIуэ зэпыщIэныгъэхэр, километр щэ бжыгъэ Къэрэшей, Уарп, Малокъэрэшей районхэм.

«Щхьэихауэ дыкъытеувыIащ Урысейм и Президентым и унафэм щIэту, социальнэ газификацэ программэр хэгъуэгум щыдгъэзащIэкIэрэ, жылагъуэхэр догазификацэ лъэныкъуэм епха лэжьыгъэхэмкIэ къызэщIэдубыдэным ехьэлIауэ зэдгъэгъуэта ехъулIэныгъэхэм. Апхуэдэщи, я уней хапIэхэр щIыуэпс гъуэз зэпыщIэныгъэхэм къепхыным хуэгъэзауэ лъэIу тхыгъэ мини 6,7-рэ цIыхухэм къабгъэдэкIащ, зэрыпащIэнымкIэ зэгурыIуэныгъэхэр лъэIу тхыгъэ мин 6,1-мкIэ къагъэщIащ, абыхэм ящыщу лъэIу тхыгъэ зытха цIыху мини 5,9-м зэрынэхьэсым я щIыпIэ гъунапкъэм гъуэзыр ирашэлIащ. Республикэм щыIэ унэ мини 4,3-м щыпсэухэм щIыуэпс гъуэзыр яIэрыхьащ.

ФIыщIэ хуэсщIащ Олег Леонтьевич, «Газпром межрегионгаз Черкесск» ООО-м, «Газпром» ПАО-м я лэжьакIуэхэм, дзыхь яхуэфащэу зэрызэдэлажьэм папщIэ, зэкIэлъыхьауэ республикэм щыпсэухэм я щыIэкIэ-псэукIэр егъэфIэкIуэным я гуащIэдэкI лэжьыгъэ уасэншэ зэрыхуагъэтIылъымкIэ», — жиIащ республикэм и лIыщхьэм.

АБИДОКЪУЭ Л.

Социальнэ инфраструктурэ

ГъуэгуфIыкIэр яухуэ

ЗэкIэлъыкIуэу мардэ тэмэмхэм ирагъэувэж республикэ къалащхьэм и гъуэгухэр. Мы гъэм километри 7 зи кIыхьагъ гъуэгу Iыхьэ 16 зэтрагъэпсыхьыжынущ. Абы щIыгъуу зэпэщ ящIыжынущ гъуэгубгъу Iыхьэ 11. Ари мэхъу лъэс зекIуапIэ тынш, шынагъуэншэ километри 7-м щIигъу. Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ Къэрэшей-Черкесым и гъуэгу фондым и мылъкукIэ.

ИджыкIэ зэтегъэпсыхьыжыныгъэхэр и гуащIэгъуэу щрагъэкIуэкI Ленин проспектым къыхыхьэ Ставропольскэ уэрамымрэ Одесскэ уэрамдыхьэмрэ яку дэлъ и Iыхьэм. Мы илъэсым программэм хыхьар къалэм и транспорт зекIуапIэ нэхъыщхьэхэм я закъуэкъым, атIэ абы хиубыдащ социальнэ мыхьэнэ зиIэ псэуалъэхэм я екIуэлIапIэхэри. Абыхэм ящыщщ республикэ сабий многопрофильнэ сымаджэщым уезышалIэ Грибоедов уэрамым и Iыхьэр, уней хьэблэм хуэзышэ гъуэгухэр.

Зрагъэужь республикэм и гъуэгу инфраструктурэм хыхьэ лъэныкъуэ псоми. 2026 гъэм «Зыуэ щыт Урысей» партым и цIыхубэ программэмрэ «Инфраструктура для жизни» лъэпкъ проектымрэ я къэухьхэм иту, зэрагъэзэхуэжынущ гъуэгу километр 38-рэ лъэмыжищрэ.

ПАЩIЭ Хьэдис

Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и Федеральнэ къулыкъур, кIэщIу — Росгвардиер, мы гъэм гъатхэпэм и 27-м илъэси 10 ирикъуащ. Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ, 2026 гъэм къагъэщIащ къэрал, жылагъуэ шынагъуэншагъэр хъумэныр зи къалэн пажэ къулыкъур. Илъэсипщ1ым кIриубыдэу мащIэкъым лэжьыгъэу зэфIэха хъуар. Нэхъыщхьэращи — сыт хуэдэ къэхъукъащIэми, шынагъуэми пэщIэтыфын, шынагъуэншэ щытыкIэр зэтегъэпсыхьыныр зи къару, къэралми хэгъуэгуми я мэIуху быдэу къулыкъур зэфIэуващ.

Росгвардием и Къэрэшей-Черкес хэгъуэгу Управленэм и унафэщI, полицэм и полковник Чомаев Эдуард Ансар и къуэм республикэм къыщыдэкI лъэпкъ газетхэм я журналистхэм зэIущIэ къадригъэкIуэкIащ, я упщIэхэми жэуап кIритащ.

«Сыт щыгъуи — плъырыпIэм»

— Нобэ «Росгвардие» жытIэ щхьэкIэ, къулыкъум гъуэгу кIыхь кIуащ. Абы кIриубыдэу игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр, фIэщыгъэцIэхэр, къалэну зэфIиххэр сыт хуэдэ?

— Тхыдэ гъуэгуанэщ ар икIи гъэнщIащ Хэкум и шынагъуэншагъэм, и щхьэхуитыныгъэм хуигъэтIылъа гуащIэ IыхьэкIэ, къулыкъу щыпкъэкIэ. Къалэни, фIэщыгъэцIи зэхуэмыдэурэ иIащ, зихъуэжащ мызэ-мытIэу, ауэ зызмыхъуэжу, сыт щыгъуи зытет щытыкIэу къэнэжащ къулыкъум икърар хуэщIыныр, абы емыпцIыжыныр, лIыгъэр, псэемыблэжыныгъэр.

Къэрэшей-Черкес Республикэм и Росгвардие Управленэр 2016 гъэм фокIадэм и 30-м къагъэщIащ. 2018 гъэм, бадзэуэгъуэм и 17-м Урысей Федерацэм и лъэпкъ гвардием и Федеральнэ къулыкъухэр ягъуэта зэхъуэкIыныгъэм теткIэрэ, УФ-м и Лъэпкъ гвардием и Федеральнэ къулыкъум КъЧР-м щиIэ и Управленэ хъуащ.

— Управленэм хыхьэ дзэхэм я къалэнхэр, нэхъри тегъэчынауэ жыпIэмэ, сыт хуэдэ?

— Жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэр зэтеIыгъэн, жылагъуэм шынагъуэншагъэ щытыкIэр щызэфIэгъэтын, къэрал къулыкъу, Iуэхущ1апIэ зэхуэмыдэхэр хъумэн, Iэщэк1э узэда бзаджащIэхэм, еIуящIэхэм я Iуэхухэр къызэпыудын, терроризмэм, экстремизмэм пэщIэтын. Росгвардием и нэIэм щIэтщ хабзэм тету Iэщэр жылагъуэм щызекIуэныр, абы ехьэлIа хабзэр хъума хъуныр, уней хъумэныгъэ лэжьыгъэр (частная охрана), къэрал гъунапкъэхэр хъумэнми дэIэпыкъуэгъу щохъу. ЖыпIэнуракъэ, Росгвардием и Управленэм нобэкIэ и къалэнхэр щегъэзащIэ къулыкъур здэщыIэ хэгъуэгум къыщымынэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми.

— Сыт хуэдэ дзэхэр къызэщIиубыдэрэ Управленэм икIи дэнэ жыхуэпIа къалэнхэр здызэфIахыр, ди хэгъуэгум къинэмыщIауэ?

— Росгвардием къызэщIеубыдэ СОБР, ОМОН, къулыкъум хэмыт хъумакIуэ къулыкъухэр (вневедомственная охрана), лицензэ-хуитыныгъэ зытхэр, авиацэр, спецназыр.

— Апхуэдэ къару лъэщым, зэгъэуIуам къалэн мащIэкъым, я мыхьэнэкIи абыхэм яхуэфэщэну, зэфIихыр. Илъэси 10-м кIриубыдэу нэхъ укъызытеувыIэнур сыт хуэдэхэра?

— ЗэпIэзэрытыныгъэр, хабзэр хъумэныр. МВД-м щIыгъуу Росгвардием и дзэхэм шынагъуэншагъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ къыщызэрагъэпэщ цIыхухэр куэду щызэхуэскIэ, Iуэхугъуэ хэIэтыкIахэр щекIуэкIкIэ. Апхуэдэщи, псалъэм папщIэ, Iэщэр хэгъуэгум зэрыщызекIуэм, хабзэр зэрагъэзащIэм ехьэлIауи лэжьыгъэшхуэ гуэщIа мэхъу. Граждан Iэщэр зэрахъумэр, абы ехьэлIа хуитыныгъэ дэфтэрхэр, къинэмыщI хабзэ щытыкIэхэр щIэплъыкIыныр зэпымыууэ екIуэкI лэжьыгъэщ. Илъэсипщ1ым кIриубыдэу хабзэншагъэкIэ зэрахьэ Iэщэрэ шэ гыну къыщIэдгъэщамрэ, абыхэм я зегъэкIуэну зэпыдудамрэ тепщIыхьмэ, гурыIуэгъуэщ а лэжьыгъэм и мыхьэнэр. Абы хуокIуэж хабзэкъутэныгъэ, щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр къэмыгъэхъуныр.

Икъукlэ жэуаплыгъэ иным епха къалэнщ псэуалъэхэр хъумэнымрэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ. «Вневедомственная охрана»-м и нэIэм щIэтщ социальнэ мыхьэнэ зиIэ къулыкъухэр: еджапIэхэр, сымаджэщхэр, сабий Iыгъыпlэхэр, ТЭК-хэр, хэгъуэгум и транспорт зекIуапIэ гъуэгухэр.

Си гуапэщ къыхэзгъэщыну: ди нэIэм щIэт, тхъумэ псэуалъэхэм, къулыкъухэм илъэсипщIым кIриубыдэу иджыри зэгуэрми къэхъуакъым теракт, узыгъэгузэвэн къызэрымыкIуэ къэхъукъащIэ, Iэщэ къадыгъуныр.

ПщIэрэ щIыхьрэ пылъу «росгвардейцхэм» я сыт хуэдэ къалэнри ягъэзащIэ, Росгвардием и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэр — «Сыт щыгъуи — плъырыпIэм» я гъуазэу.

— ГурыIуэгъуэщ Управленэр СВО-м лъэныкъуэгъазэу зэрыхущымытыр. Сыт хуэдэ щхьэихауэ фи хэлъхьэныгъэхэр?

— Зауэ операцэ хэхар къызэрежьэрэ, япэ махуэм щыщIэдзауэ, Управленэм и къулыкъущIэхэр СВО-м щыIэщ. Абыхэм ящыщ куэдым я лIыгъэм къыпэкIуэу къэрал нагъыщэхэр къыхуагъэфэщащ. Гулъытэ хэха ягъуэт зэуапIэхэм щыхэкIуэдахэм я унагъуэхэм. Офицер зэкъуэшыныгъэ хабзэфIым тету, Управленэм абыхэм сыт щыгъуи гулъытэ яхуеущI.

— Илъэсипщ1ым кIриубыдэу Управленэм зэхъуэкIыныгъэ игъуэтащ материально-техническэ и лъэныкъуэкIи. Мис ноби ар нэрылъагъущ. Дымылъагъу зэхъуэкIыныгъэхэр сыт хуэдэ?

— Пэжщ. Дыщылэжьэн, дыздыщIэсын лэжьапIэ пэш къудейкIэ дыIэслъэсу щытащ, вневедомственнэ хъумакIуэ къулыкъури, дзэ пакIэри, дэри, нэрыбгэ 26-28-м ятегъэпсыхьам дэ псори дыщылажьэу. Иужькlэ дзэ пакIэри хэкIыжащ. ФIыщIэ ин хузощI нобэ дызыщылажьэ пэшхэр зэтегъэпсыхьыжынымкIи, Iэхэлъахэр къызэгъэпэщынымкIи, мылъку-техническэ лъабжьэр гъэтIылъынымкIи хуабжьу къыддэIэпыкъуа, дыкъызыгурыIуа, хэгъуэгум и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид. Апхуэдэ гулъытэм и фIыщIэкIэ нобэ, къызэрыхэвгъэщащи, дыздэлэжьэн пэшхэр диIэщ, зэтегъэпсыхьащ сыт и лъэныкъуэкIи. Фи нэкIэ флъагъум кънинэмыщIауэ, диIэщ пилотыншэу къэзылъэтыхь системэхэр, мэIухукIэ узэда техникэ лъэщ, IэфIауэным лъэрыхьу тегъэпсыхьа Iэщэ, нэгъуэщIхэри. ЖыпIэнуракъэ, дылэжьэнымкIэ дызыхуэныкъуэ псомкIи тыншу дыщызэтегъэпсыхьакIэ, ди къалэнхэр зэфIэтхыныр нэхъ тыншщ, къызыхуэтыншэщ.

Управленэм щылэжьэн диIэщ, абыхэм щIэ къахохьэ. Дызэрыгушхуэ лэжьакIуэ ди мащIэкъым, ищхьэ щIэныгъэ яIэщ, гукIи-псэкIи, щIэныгъэкIи, пкъыкIи тегъэпсыхьащ къахуэув къалэн мыпсынщIэхэм пэлъэщыным. Нэхъри заужь. ЦIыхум сыт щыгъуи зиужьын хуейщ. Зыхунэсамкlэ арэзы хъууэ къыщыувыIэжым деж пытIысыкIын щIедзэ, йокIакIуэ. Зыужьын, ипэкIэ кIуэтэн! Апхуэдэщ си еплъыкIэр.

— Жылагъуэм зэпыщIэныгъэфI дывиIэ?

— Iэмал имыIэу. Республикэм щыпсэухэм дапыщIащ, я упщIэ зэхуэмыдэхэмкIэ зыкъытхуагъазэ, къытхуокIуэ. Управленэм хэкIыжами, зэпыщIэныгъэр жыджэру къыддаIыгъщ ветеранхэм, щIалэгъуалэм далъогъуазэ зэпыт, хэкупсагъэ, лъэпкъыпсагъэ гъэсэныгъэ ин ядэтIыгъыу.

— Управленэр зэрырикъуа илъэсипщIым къинэмыщIауи, хабзэхъумэ къулыкъу зэхуэмыдэхэм ухэтурэ укъокIуэкI. Апхуэдиз илъэскIэ къулыкъум, хабзэм урилуэхущIэу ущытыным, Iэмал имыIэу, уи хьэл-щэнми дамыгъэ тредзэ, уехъуэж. Ар унагъуэмкIэ зэран хъукъэ?

— ЗэманкIэ укъэтэджу, зэманкIэ угъуэлъыжу, зэрыжаIэу, убакъуэу, ухьэбауэу ущыпсэукIэ, шэч хэлъкъым ар уи гъащIэм, уи псэукIэм и Iыхьэ зэрыхъум. Ауэ иумыгъэлейуэ, уи унагъуэм исхэми уакъыгурыIуэу щытмэ уехъулIащи, сигу зыхуэныкъуэн сиIэкъым. Псори зэпIэзэрытщ. Къагуроlуэ зэман куэд лэжьапIэм зэрыхуэзгъэтIылъыр, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэри лэжьэгъуэхэри зэрызэхэзэрыхьыр, сыт хуэдэ къулыкъуми ехьэлIа нэгъуэщI щытыкIэхэри.

— Махуэщ1ым хуэкIуэу уи лэжьэгъухэм, уи нэIэм щIэт гупышхуэм зэрызахуэбгъэзэн, дауи, уиIэщ...

— Илъэсипщ1 — ар ди къулыкъум и лъэ щыува пIалъэ дахэщ. Дрогушхуэ а илъэсхэм кIриубыдэу лъэпкъ хьэлэмэтхэр хъума хъуным и плъыр, и Iэщэ щыпкъэ дызэрыхъуам.

Управленэм нобэ къулыкъу щезыхьэкIхэми, ветеранхэми си гуапэу сохъуэхъу Лъэпкъ гвардием и Махуэмкlэ, юбилей лъапIэмкIэ!

Дяпэкlэ къалэн нэхъыщхьэр: цIыхубэм я хъумакIуэу, шынагъуэ къыкъуэкIамэ — абы псынщIэу дыпэщIэувэфу, ди зэфIэкIхэр нэхъри едгъэфIакIуэу дылэжьэнращ.

Узыншагъэ быдэ, зэпIэзэрытыныгъэрэ зэпэщыныгъэрэ, дэтхэнэ къулыкъущIэми и унагъуэкIэ псэхугъуэ иIэну, и гупи, и щIыби зэрыжаIэу, быдэу, къэмытIасхъэу псэуну! Апщыгъуэм къулыкъури щыпкъэу ирахьэкIынущ.

ТУАРШЫ Ирэ

Гъатхэпэм и 27-р — театрым и Дунейпсо Махуэщ

«Зи бзэ зэзымыпэсыжым и IэкIэ и лъэпкъым и псэр хехыж...»

Адыгэр лъэпкъ гъуазджэм псэкIэ пэгъунэгъу зыщIыф, ар фIыуэ езыгъэлъагъуф цIыху псэлъэгъу къэпщIыныр Iуэхуфlщ, ауэ тыншкъым. Мы тхыгъэр зытедухуа щIалэри творчествэм еплъыкIэ хэха хуиIэу бгъэдыхьэхэм ящыщщи, ар зыгъэпIейтеймрэ зыгъэгушхуэмрэ къептхэкIыну ухуежьэмэ, зы напэкIуэцIкъым ихьынур...

Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ адыгэ драмэ театрым и унафэщI Iэнатlэ пщэрылъхэр зыгъэзащIэ, Адыгэ Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и Iуэхузехьэ, «Кавказфильм» киностудием и унафэщI, режиссер цIэрыIуэ ЕМКIУЖ Андзор Сэрэбий и къуэм Къэрэшей-Черкесым щыпсэу адыгэхэм ди лъэпкъ театрыр и нэIэ зэрыщIагъэувэрэ илъэсым щIигъуами араш. Ауэ мащIэкъым а пIалъэ кIэщIым кIриубыдэу абы и гупым спектаклу игъэувар, фIыщIэу къилэжьар.

Андзор театрыр зэрызэрихьэм, адыгэбзэм и Iуэху зыIутыр зэрилъагъум, щIалэгъуалэр зэрыригъаджэм къытхутепсэлъыхьыну япэм дызэгурыIуауэ щытати, театрым и Дунейпсо Махуэр щхьэусыгъуэ тщIыри, дыIущIащ.

— Си гуапэ хъуащ, Андзор, театр Iуэхум къинэмыщIауэ, Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэ колледжым егъэджакIуэу узэрыщылажьэр щызэхэсхым. Сыт хуэдэ факультетым уегъэбыдыlIа, сытым хуебгъасэрэ щIалэгъуалэр?

— КъыдэкIуэтей щIэблэм си щIэныгъэмкIэ сыдэгуашэу колледжым сыщолажьэ театрым и унафэщIу сызэрагъэуврэ. Ахэр хузогъасэ актер гъуазджэм, режиссурэм, сценэм жьабзэ яIурылъу зэрыщыпсэлъэным.

Мы еджапIэм япэ дыдэ сыкъэкIуауэ щытащ ди бзэр зыIурылъ ныбжьыщIэхэр къэслъэхъуэу, адыгэ театрым хэсшэн си мураду. Иджы, сэ езгъаджэуи, си лэжьэгъухэм ирагъаджэуи ирехъу, адыгэ театрым игъэув спектаклхэм я роль нэхъыщхьэхэм, гугъухэм щыджэгуу, труппэм и «лъыщIэ» хъууэ къытхэтщ къэкIуэныфI зиIэ ныбжьыщIэхэу Шыбзыхъуэ Щэмил, Хьэкъун Кемран, Мамхэгъ Наирэ, Гундэхъу Тимур, ДыщэкI Анзор сымэ.

Сыхуейт ди театрым ныбжь иту щылажьэхэм я нэIэ щIэтурэ ахэр къэдгъэтэджыну, дыузэщIыну. ЕджапIэм щIэныгъэ къыщыщIэпхыныр зыщ, ар тхылъымпIэ кIапэ къудейщ, ауэ гъащIэм узыхуигъэзэнур пщIэкъыми, театрым ущылажьэ щыхъукIэ, къыбгурыIуэу щытыпхъэщ абдеж дяпэ итахэм узытекI мыхъун хабзэхэр зэрыщызэфIагъэувар икIи, дауи, инэхъыбэри адыгэм ехьэлIауэ зэрыщытыр. Ар нэхъыжьым къыбгъэдэкIыу нэхъыщIэм къылъысыжын хуей Iыхьэщ.

— Актер гъуазджэмрэ ди анэдэлъхубзэмрэ зэпэщIэуэу зэран зэхуэхъукъэ? Бзэр кууэ зымыщIэр спектаклхэм хуэгъэхьэзырыгъуафIэ?

— Сценэ гъуазджэм и теориеу Станиславскэм и деж къыщежьамрэ актерым и къалэнхэмрэ зищIысым дапщэрэ ухуейми тепсэлъыхь, адыгэ лъэпкъым хуэлажьэм и Iуэхур абыкIэ зэфIэкIа хъукъым. Абы а псоми дихьыфу щытын хуейщ адыгэм и хабзэр, ихъумапхъэщ и напэр, къызэрыслъытэмкIи, а тIум япэ бзэр дапщэщи иригъэщурэ.

Режиссер дэгъуэуи, зэчиишхуэ зиIэ актеруи ухуейми щыт, уи анэдэлъхубзэр пIурымылъу адыгэ театрыр ситкIэ уи сэбэп? Бзэр — псэщ! Лъэпкъым и IункIыбзэ нэхъыщхьэщ! Бзэр зумыгъащIэмэ, умыгъэлажьэурэ бгъэкIуэдмэ, лъэпкъыр щымыIэжыным нэбгъэсынущ. «Сэ къызгуроIуэ адыгэбзэр, абы сримыпсалъэ щхьэкIэ», жызыIэр адыгэжкъым, апхуэдэр — адыгэныкъуэщ.

Адыгэу укъыщалъхуакIэ, инджылызбзэр фIы дыдэу зэбгъэщIами, урысыбзэр езы урыскэм нэхърэ нэхъ къабзэу къэбупсэлъэ зыбгъэсами, зэи а лъэпкъхэм ящыщ ухъуфынукъым. Ауэ, уэ уи бзэр зыIэщIэбгъэкIа, уи адыгэныр къыбоух. Абы сыт къизгъэкIыр? Ди щхьэщыгум итым цIыхуу дыкъыщигъэщIакIэ, мы щIыгум дыкъыщытригъыхьэм бзэ щхьэхуэ къыщыдитакIэ, ар зэлъэпкъэгъухэм тхъумэн хуейуэ къызолъытэ. Бзэ нэхъыбэ тхузэгъащIэми нэхъыфIыжщ, ар къытхуэщхьэпэнущ мыхъумэ, нэгъуэщI зыри къыдищIэнукъым.

Хъуэрыбзэ тIэкIу щIэлъу жысIэнщи, уэ уи бзэ закъуэм фIэкI умыщIэу уи абгъуэ уисыжынми зэран гуэр хэлъщ. Зэзэмызэ абы укъилъэтыкIыурэ уи хъуреягъым бзууэ, псэущхьэу, цIыхуу щыIэм я псэукIэм уеплъу, итIанэ бгъэзэжу: «Модрейм и абгъуэр зэриухуэр плъэгъуа, гъущI кIапсэ хилъхьауэ пIэрэ абы, сыт хуэдэ жыг къудамэ цIыкIу ар къызыхищIыкIыр», — жыпIэурэ узэупщIыжмэ, хэт ищIэрэ, щIэ гуэр къэпщIэнщ, ипэкIэ укIуэтэнщи, гъащIэм лъэ быдэкIэ ущыувынщ. Унэм лъабжьэ зэриIэм ещхьу, анэдэлъхуу адыгэм къылъыса бзэр и лъэпкъым пкъощIэсэ хуохъу.

— Адыгэбзэм хуэгъэзауэ гупсысэ куэдым укъызэрырахуэкIыр икъукIэ зыхэзыбгъэщIащ, Андзор. СфIэгъэщIэгъуэныр пщIэрэ, и гущIыIум телъ си гукъеуэхэм яз щапхъэу къыпхуэсхьынущи, къызжеIэ, дауэ уеплърэ, нобэ дызэсауэ адыгэм зыхэдмыныжыф фIэхъус хыкIэ пхэнжхэм сыт ятщIэфа хъунур? «Уи пщэдджыжь фIыуэ», «Уи махуэ фIыуэ», «Уи пщыхьэщхьэ фIыуэ» жыпIэу зызыхуэбгъазэхэм закъуэтIакъуэщ къахэкIыр адыгэбзэкIэ жэуап къозытыжу...

— «ФIэхъус апщий» къыджезыIам «Упсэу апщий»-кIэ дыпэджэжу десатэмэ фIы дыдэт. «Салам алейкум» къегъэблэгъэкIэр цIыхубэм къыдокIуэкI нэхъ къищтэу. Абы сэ Iейуэ зыри хэслъагъуэкъым, ауэ а фIэхъус хыкIэр хьэрыпхэм я дежщи къыздежьар, ар абыхэм къахуэдгъэнэжу, ди бзэм хэт фIэхъус зэмылIэужьыгъуэхэр ди Iэмыщ1э идгъэлъыжмэ нэхъыфIщ.

Адыгэу дыкъэнэжынращ нэхъапэр. Ди лъэпкъ хабзэр зэгуэрми зыми фIэгъэнапIэ хуэтщIакъым ди фащэр тэрэзу зэрызэримыхьэм, е ди къафэхэр нэгъэсауэ дахэу утыку зэрыримыхьэфым къыхэкIкIэ. ХамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм адыгэ хабзэр фIыуэ зэрызэрахьэм хьэрыпхэмрэ тыркухэмрэ къехъуапсэурэ, ар щапхъэу къащтэурэ я лъэпкъхэр ягъэдэхэж, къагъэщIэрэщIэж.

Иджы, «Театр» жыдоIэ дэ. Театрыр, къапщтэмэ, хамэ щэнхабзэу къэтлъытэфынущ дэ, ауэ абы адыгэм и псэр хэту къогъуэгурыкIуэ ижь-ижьыж лъандэрэ. Хэти ищIэу къыщIэкIынщ ажэм ещхьу хуэпауэ нэщхъыфIагъэу джэгухэм щысэмэркъо цIыхур — ажэгъафэкIэ дызэджэр. Ар театр псо ирокъукъэ? Ирокъу!

Мис а ажэгъафэм куэду ущыхуозэ алыдж мифологиеми. Абы хьэгъуэлIыгъуэхэр гушыIэкIэ, ауанкIэ игъэдэхэну и пщэ илъщ. ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэм деж, гушыIэным, псэлъэным нэхъ хуэIэзэу зы цIыху къыхах, абы и напэр къыщIэмыщу бжэныфэ зытрырагъэубгъуэ, бжьакъуи трагъэувэжри, къызэхуэсахэр игъэнэжэгужэу зэхегъэт. Ажэгъафэм сыт имыщIэми, сыт жимыIэми, и гугъу ящIыну хуиткъым. Ар ауэ сытми утыку къилъадэрэ зигъэделэ-зызэкIэщIишу иту аракъым, атIэ, абы егъэзащIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэн, джэгум хэтхэм хабзэ-бзыпхъэр яку дэгъэлъыным хуэгъэзауэ.

Зыгуэрхэми ажэгъафэр ягъэхьэрэм. Сэ си хабзэжьыр сыт щIэхьэрэмыр? Хьэрэмыр Тхьэм къыпхуигъэфэща бзэр щыхэбутэм, щыбгъэкIуэдыжым дежщ. Сыт хуэдэ динкIи къащти, уи Iэпкълъэпкъым зэран епхыжыныр, зыбукIыжыныр гуэныхьышхуэщ. Зи бзэ зэзымыпэсыжым, шэчыншэу, игъахъэр къыгурымыIуащэурэ, и IэкIэ и лъэпкъым и псэр хехыж. Уэ уи псэр уэ зыщыхыумылъхьакIэ, зыхэпхыжынуи ухуиткъым, ар тхьэ Iэмырщ.

— Актер ныбжьыщIэу адыгэ театрым ныIухьахэм ищхьэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтынымкIэ, я Iэпщ1элъапщIагъым хагъэхъуэнымкIэ Iэмалу сыт яIэр? Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, Москва е Санкт-Петербург дэт театр институтхэм щеджэну хуей абыхэм яхэт?

— ЕджапIэм къыщыщIах щIэныгъэмрэ сценэм щыджэгукIэ ягъуэт зэхэщIыкIымрэ ауи зэбгъапщэ хъунукъым. Сэ ди нэхъыщIэхэм яхуэгъэзауэ жысIэну сыхуейщ я бзэм зэрыпыIумкIи, я Iуэху щIэкIэмкIи сызэрагъэгуфIэр.

ФIы дыдэ хъунут, дыхуеипэт зэбгрыкIыу, актерышхуэ хъууэ къагъэзэжыну, ауэ псоми ар яхуэзэфIэкIынукъым щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIкIэ. Абыхэм яхэтщ еджэн папщIэ къалэ жыжьэ Iэпхъуэну хуэмеи, и хэку къыщынэжыну къыхэзыхи, и адэ е анэ зэрыщхьэщымытыжым щхьэкIэ, лъэкIыныгъэ зимыIи. Сэ сыхуейт щIэныгъэ куу яIэу Москва, Санкт-Петербург къикIыжа нэрыбгэхэр ди адыгэ театрым щынэхъыбэну. Ар дэркIэ хуабжьу ехъулIэныгъэшхуэт. Еджэну таучэл зыщIым дэ сыт щыгъуи дыдэIэпыкъуну дыхьэзырщ, къремыкIуэт закъуэ.

— Мы илъэсым кIриубыдэу, сыт фхуэзфIэкIауэ, зэвгъэхъулIауэ къыхэбгъэщыфынур?

— Япэрауэ, дяужь къиувэфын щIэблэ къэдгъуэту, дгъэхьэзырын хуейщ. Ди ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэу сэ солъытэ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу адыгэ театрыр нобэ зэрылажьэр. Театрым иджыпсту зы цIыхуи Iуткъым мынэжэгужэу, фIэмыфIу лэжьапIэм къекIуалIэу.

ЕтIуанэрауэ, адыгэ театру дыщыщыткIэ, япэу тегъэщIапIэ тщIыпхъэщ ди лъэпкъым и щэнхабзэр, и тхыдэр, и цIыху пажэхэр. Классикхэу Пушкинрэ Гамзаторэ я Iэдакъэ къыщIэкIауэ спектакль дгъэуващ, мы гъэр Чехов и илъэсщи, абыи и тхыгъэхэм ящыщ гъэувыным и ужь дитщ.

Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ адыгэ театрым и ехъулIэныгъэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу Хьэбэч Умаррэ Къардэн Муратрэ ятеухуауэ, абхъаз тхакIуэ Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» тхыдэ романым къытещIыкIауэ дгъэува спектакль гуузхэр. Илъэсыщ1эм теухуауэ цIыкIухэм таурыхъ яхуэдгъэхьэзырри, ныкъуэдыкъуагъ зытелъ, зеиншэу къэна сабийхэр зыщIэс Луганск интернатым 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 29-30 махуэхэм къыщыдгъэлъэгъуащ.

Театрым и Дунейпсо Махуэм ехъулIэу, нанухэм адыгэбзэкIэ яхуэдгъэува «Иныжьым и нэ» таурыхъыр мы тхьэмахуэм утыку итхьэнущ. А псом кънинэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгэ Республикэмрэ къытпоплъэ ди спектаклхэр яхуэтшэну...

— Уэ къызэрыпщыхъумкIэ, Андзор, театрым деж ущыхэт? Сыт хуэдэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэу абдеж щыбгъэзащIэр?

— Ди нэхъыжьхэм къабгъэдэсха лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр зымыгъэкIуэд, ахэр щIэблэщIэхэм яIэрызыгъыхьэж лъэмыжу, зэпыщIакIуэу театрым сриIэщ. ГъащIэр щIэх дыдэ тIэщIоухэ тхуримыкъуу. Нобэ тщIа-длэжьаращ Iэужьу къэнэнур, хьэдрыхэ дыкIуэжмэ, псэухэм ягу дыкъызэрагъэкIыжынур. Ди зэпсэлъэныгъэр щесшажьэм зи гугъу сщIа актер ныбжьыщIэхэр аращ театрым къыщынэну, адыгэбзэмрэ адыгэ гъуазджэмрэ я хъумакIуэу щытыну сыщIыхуейр.

— Упсэу! Тхьэм къыщIигъэкI зэрыжыпIауэ! Ди лъэпкъым и пщIэр нэхъри къэзыIэтын лэжьыгъэхэр уэри, театрми куэду къывит!

Епсэлъар ЛЫХЬ Тимурщ

ФщIэн папщIэ!

ЕмкIуж Андзор къинэмыщIауэ, адыгэ театрым и адрей творческэ цIыхухэм я цIэхэри къиIуапхъэщ: УФ-мрэ КъЧР-мрэ щIыхь зиIэ я артисткэ КIыщмахуэ Фатимэ, КъЧР-м щIыхь зиIэ и артисткэхэу Тут Тезадэ, Пщыхуэфl Земфирэ, Къэргъей Заремэ, илъэс куэд щIауэ театрым зи гуащIэ щызыгъэтIылъ, ДыщэкI Руслан, Мэчэр Индирэ, Астэжь Аслъэн, Шорэ Мэрянэ, Мамыжь Хьэзрэт, КIуштэ Динэ, нэхъ ныбжьыщIэхэу Милюхинэ (КIэм) Iэсят, Къалмыкъ Маринэ, Щохъужь Азэмэт, ДыщэкI Анзор, Гундэхъу Тимур, Хьэкъун Кемран, Шыбзыхъуэ Щэмил, Мамхэгъ Наирэ, Къуршэ Мухьэмэд сымэ.

ХьэщIэщ

Абазашта

«МакъамэкIэ си псэр хуэбащ»

Абазэ композитор цIэрыIуэ, макъамэдж, IуэрыIуатэдж ГУЭЖХЭ Галинэ Беслъэн и пхъум жиIа а псалъэхэм псори къаIуатэ. Зи гъащIэ псор уэрэд, къафэ макъамэхэмрэ цIыхубэ джэгухэмрэ пхыгъэкIыным, хэIущIыIу щIыным тезыухуа Галинэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ абазэ цIыхубэ макъамэ щэнхабзэр хъумэным. Шэч хэмылъу, макъамэр фIыуэ зэрилъагъур къыщежьащ и сабиигъуэм. Галинэ къыздэхъуа Псыжь къуажэм щыцIэрыIуэу щытащ пшынауэ Iэзэхэу и анэ Лёлэрэ и анэшхуэ Джухилрэ.

— СыщыцIыкIум пшынэр фIыуэ слъагъутэкъым икIи зэи къэсщтакъым. ХьэщIэу хэт къытхуэмыкIуами, си анэр пшынэ къеуэну селъэIут, сэ сыкъафэт. СыукIытэхт, цIыхум я нэгум зыкъызэрыщIэзмыгъэхуэным сыпылът, — пыгуфIыкIыу игу къегъэкIыж Галинэ.

Курыт еджапIэр къиуха нэужь, пщащэр педучилищэм щIотIысхьэ. И гуащIэдэкI лэжьыгъэм щрегъажьэ зыщалъхуа и къуажэм дэт курыт еджапIэм пэщIэдзэ классхэр щригъаджэу. ИужькIэ унагъуэ дещIэ область драмтеатрым и актер Апсуа щыщ Гуэжхэ Абрэдж-Заур.

1964 гъэм Къэрэшей-Черкесым къоблагъэ абхъаз композитор, Согъум макъамэ еджапIэм и унафэщI Чичбэ Алексей. Абы абазэ щIалэгъуалэ зэчиифIэ къилъыхъуэт. Ар Апсуа щыщ Гуэжхэ я унагъуэм яунэтI. Къыхэдгъэщынщи, мис а хьэщIэм Галинэ и гъащIэр зэрыщыту ихъуэжащ.

«Уэ макъамэр куууэ зыхыбощIэ, абы ухуеджэн, ар ебгъэфIэкIуэн хуейщ», — къызэрыкIуэ къуажэ гъащIэ езыхьэкI пщащэм зыхуигъэзащ хьэщIэм икIи а лъэныкъуэмкIэ щIэныгъэ зригъэгъуэтыну тригъэгушхуэн щIидзащ. Абы къыдэкIуэуи, и щхьэгъусэм Согъум къэрал театрым и актер лэжьыгъэр къригъэлъэгъуащ. КъыщIэудауэ загъэхьэзыр, япхъу Мадинэ анэшхуэм къыхуагъанэри, унагъуэщIэр Согъум макIуэ икIи абы дэт макъамэ театрым теоретико-композитор къудамэм и студент тIури мэхъу.

Училищэм Галинэ нотэхэр фIыуэ щызэригъэщIащ икIи, тIури зэрызэдихьыфынумкIэ, и къару къызэрихьынумкIэ шэч къытримыхьэу, дирижёр-хоровой къудамэми щIотIысхьэж. А илъэсхэм абы итхащ мыпхуэдэ музыкальнэ сочиненэхэр: духовой оркестрым папщIэ «Марш мотоболистов»-р, «Ожидание» (езым и псалъэхэмкIэ), ФызыкIэ Щэхьымбий и усэхэу «Лётчики», «Твои синие глаза», «Жду тебя», Лэгъущ Жэмулэдин и IэдакъэщIэкI «Встреча» жыхуиIэхэмкIэ уэрэдхэр. И диплом лэжьыгъэм папщIэ къигъэсэбэпащ абазэ усакIуэ Жэгуэтэн Къалимырзэ и «Абазашта» усэр, абы макъамэ щIилъхьэрэкIэ. УэрэдыщIэр ягъэзэщIащ Согъум макъамэ училищэм и хорым, симфоническэ оркестрыр щIыгъуу. Комиссэм композитор икIи дирижер ныбжьыщIэм и лэжьыгъэм уасэфI иратащ икIи комиссэм и тхьэмадэ Баланчивадзе Андрей Тбилиси дэт консерваторэм еджапIэ иригъэблэгъащ. Ауэ, Галинэ и унагъуэр нэхъ къыхихащ, апщыгъуэм абыхэм етIуанэ сабий — я къуэ Анзор, къахуэхъуат. Апхуэдэу, зэщхьэгъусэхэм зыщалъхуа я хэку цIыкIум къагъэзэжащ. Галинэ республикэм и музучилищэм методисту щылэжьащ, иужькIэ, а зэманым училищэм и унафэщIу щыта, и щхьэгъусэ Абрэдж-Заур и къыхэлъхьэныгъэкIэ, лъэпкъ гармоникэмкIэ класс къызэригъэпэщащ.

1971 гъэм абазэ усакIуэхэм я усэхэмкIэ и япэ автор сборникыр — «Мелодии Абазашты» жыхуиIэр къыдигъэкIащ. 1979 гъэм Гуэжхэ Галинэ зэхигъэува, абазэ тхакIуэхэм я усэхэр здызэхуэхьэса сборник, езым ейхэри яхэту, дунейм къытехьащ. КъинэмыщIауэ, «Юный гармонист» (1990), «Апхьарца» («Гармоника» 1990) хрестоматиехэр аращ зи IэдакъэщIэкIхэр. Композиторым макъамэ 40-м щIигъу къигъэщIащ. Ахэр цIыхубэ уэрэд хъуащ.

— 1980 илъэсхэм щIыпIэ композиторхэр купщIафIэу ядэлажьэт хормейстер цIэрыIуэ Иуан Мусэ и нэIэм щIэт Къэрэшей-Черкес област радиом и гупым. Ди къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыхъуам, хорыр зэбграгъэкIыжащ. Ауэ, ди Iэр ебдзыхыу утIысыж хъурэт?! Сэ мурад сщIащ усакIуэ Иуан Алий сыдэлэжьэну, сыту жыпIэмэ абы и усэхэм макъамэ тыншу щIэплъхьэфт. Апхуэдэу, тIуми къэдгъэщIа гушыIэ уэрэдхэр цIыхубэм ипхъуэтащ, — жеIэ Галя.

Нобэ «Ты хочешь меня богатством заманить», «Ты уехала от меня в далёкий край», «Поверь, дорогая», «Ах, если б меня полюбила Назима», «Как мне быть», «Куда уходишь от меня», «Проводила я муженька в Мацесту отдыхать» уэрэдхэр хьэгъуэлIыгъуэхэм, гуфIэгъуэ пшыхьхэм, махуэщIхэм щыжаIэ.

Гуэжхэ Галинэ гуащIэшхуэ ирихьэлIащ цIыхубэ макъамэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, пшынауэ Iэзэхэр гъэхьэзырыным. Иджы абыхэм езыхэм пшынауэ ныбжьыщIэхэр ягъэхьэзыр, егъэджакIуэхэщ, уэрэдусхэщ, дэтхэнэ зыми гуапэу и гугъу ящI я егъэджакIуэм.

Галинэ хъугъуэфIыгъуэшхуэу къелъытэ 2015 гъэм тираж 500 хъууэ къыдигъэкIа «Музыкой душа моя согрета» сборникыр. Абы ихуащ Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм я уэрэд, макъамэ зэхуэмыдэхэр. Бзылъхугъэм фIыщIэ хуещI мылъку, къызэгъэпэщыныгъэ я лъэныкъуэкIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуахэу «Алашара» зэгухьэныгъэм и президент Ечэзэч Мусэрэ хьэрычэтыщIэ Лъыс Назымбийрэ.

— Абазэ макъамэжьхэр къызэхуэзыхьэсыж фольклорист нобэкIэ диIэкъым. Илъэс зыбжанэ дэкIмэ, ди къафэ макъамэхэр хэшыпсыхьыжынущ, — игу къеуэу къыхегъэщ Галинэ.

Арами, Гуэжым игур игъэкIуэдкъым, икIи, и илъэс 85-м щIохъуэпс къигъэщIа и уэрэдхэм фонограммэ хуитхыну.

Галинэ дохъуэхъу и хъуэпсапIэхэр къехъулIэну икIи фIыщIэ худощI лъэпкъ цIыхубэ макъамэ щэнхабзэр хъумэным гуащIэшхуэ зэрыхуигъэтIылъам папщIэ! Абы абазэ Пахмутовэ АлександрэкIэ еджэхэр щыIэщ икIи, пэж дыдэу, ар макъамэми музэми хуэпэжщ, гъуазджэхэмрэ щIэныгъэхэмрэ я жьауэм щIэт пасэрей алыдж тхьэIухуди 9-м яхуэдэу.

КЪУМЫКЪУ Хьэджэт

Къарачай

Кавказым и уэрэджыIэ

СЕМЕНОВ Исмэхьил и цIэр щыжаIэкIэ, дигу къокI Кавказым и гимн хъуа «Эльбрус» уэрэдыр. Мы уэрэдыр бзэ зэхуэмыдэхэмкIэ жаIэ. «Сайыл Джырчы» — аращ гъэфIагъэкIэ абы цIыхубэр зэреджэр. Нэгум къыпхущIэгъыхьэнукъым урыс литературэр Ахматовэ Аннэ, Цветаевэ Маринэ, Зощенкэ Михаил, Булгаков Михаил сымэ хэмыту. Апхуэдэуи нэгум къыщIэгъыхьэгъуейщ Семенов Исмэхьил Унухь и къуэр къэрэшей литературэм хэмыту.



Семеновхэ я лIакъуэм цIыху зэчиифIэ мымащIэ къахэкIащ. Исмэхьил и адэшхуэм и адэ Калтур усэ, жыIэгъуэ куэд ицIыхут. Абы уэрэд иуст икIи езым игъэзэщIэжт. Ди зэманым къынэсащ абы и уэрэд «Эмина» жыхуиIэр. Исмэхьил и адэшхуэ Хьэжы-Умар диныр кууиэ зезыхьэт, хьэж къищIу, Мэчэ деж дунейм щехыжауэ щытащ. И адэри динырылажьэт, хьэрыпыбзэр фIыуэ ищIэт, къуэкIыпIэ литературэр фIыуэ илъагъут. А фIылъагъуныгъэр и къуэм къыхуэкIуащ. Адэр еджати, и къуэми щIэныгъэ иригъэгъуэтащ. Унухьи хьэж къищIу, Мэчэ деж щыIэу и дунейр ихъуэжащ икIи и адэм и гъунэгъуу щыщIалъхьэжащ.

И анэ Биджиевэ Джулдусхъан анэдэлъхубзэр фIыуэ игъэшэрыуэт, усэ итхт. Абы таурыхъ, къэхъуа, уэрэд куэд гукIэ ищIэт. Бащлыкъхэр, щIакIуэхэр, адыгэ цейхэр щIыным хуэIэкIуэлъакIуэт. Ахэр и усыгъэхэм куэду къыщыхощ.

Исмэхьил Унухь и къуэр Учкулан къуажэм къыщыхъуащ. Къуажэм дэт мэжджытым хэт еджапIэр къиухащ. Ар иригъэджащ ефэнды хьэжы Назалий. А илъэсхэм щIалэ цIыкIум гугъу демыхьу хьэрыпыбзэр зригъэщIащ, иужькIэ и щIэныгъэм щыпищащ Балъкъэрым, Кенделен, Дагъыстан мыдрисэхэм.

Абы и ныбжьыр илъэс 17 хъуауэ и адэр дунейм ехыжащ.

Исмэхьил Октябрь революцэм хиубыдащ. А зэманым «Джашасынбизни партия» («Пусть живет наша партия») уэрэдыр игу къихауэ абы итхауэ щытащ. АбыкIэрэ и хэкуэгъухэр къыхуриджэт колхозхэмрэ совхозхэмрэ хыхьэну. Езыри колхозым хэтыххэт.

Ауэ совет зэманым Учкулан дэт мэжджытыр зэракъутам арэзы техъуэтэкъым. А илъэс хьэлъэхэми нэмэз щIыныр къигъэнакъым, хагъэзыхьа пэтми.

Шым тесу къуажэр къыщызэхикIухькIэ, Исмэхьил сыт щыгъуи уэрэд жиIэт. Апщыгъуэм деж псоми я лэжьыгъэр къагъанэти, абы и макъ дахэм едэIухэт. 1920-нэ гъэхэм абы зэчырхэр итхащ, итхащ лъэпкъыр зэхэзехуэн ящIу щIыналъэм щрагъэкIами. 2011 гъэм «Зикры» и тхылъыр дунейм къытехьащ.

МахуэщI гуэрым ар нэIуасэ хуэхъуащ Къарт-Журт щыщ ефэнды Окъуб ипхъу, илъэс 17 зи ныбжь Ижаевэ Iэнисэт. Пщащэм и дахагъэм итхьэкъуа щIалэм «Акътамакъ» поэмэр итхащ. Абы къыхощ и щхьэгъусэм хуиIэ фIылъагъуныгъэр, къэрэшей лъэпкъым и блэкIамрэ и нобэрей махуэмрэ. Исмэхьил КъурIэным еджэфт, хьэрыпыбзэкIэ тхэт.

1930 гъэхэм латин алфавитыр, иужькIэ тыркубзэр зригъэщIащ. Лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ фIыуэ ицIыхут, екIуу къафэт, и ныбжьыр щыхэкIуэтами, уэрэд дахэу жиIэт. Учкулан район ансамблым и унафэщIуи щытащ.

Семеновым цIыху цIэрыIуэ куэдым ныбжьэгъугъэ ядиIыгъащ. Апхуэдэхэщ: Уртенов Хьэзрэт, Аппаев Хьэсэн, Биджиев Асхъат, Каракетов Исса, Урусов Мыхьэмэт, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я творчествэм фIыуэ щыгъуазэт.

1920 гъэхэм абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ «Акътамакъ», «Минги Тау» поэмэхэмрэ зэчырхэмрэ.

Нэхъыбэжи итхащ, ауэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр къыщыттеуа, лъэпкъыр мы щIыналъэм щрагъэкIа илъэсхэм куэдыр кIуэдащ. Революцэм ипэхэм и Iэдакъэ къыщIэкIахэм я гугъу тщIыхэкъым!

1930 гъэхэм икIэхэм Ереван къалэм «Давид Сасунский» ермэлы цIыхубэ IуэрыIуатэм и илъэс 1000-р щагъэлъапIэт. МахуэщIым къеблэгъат а зэманым и цIыху цIэрыIуэхэр. «МахуэщIым икIэм утыкум къихьащ Исмэхьил. Абы къыщылыдыкIт цей хужьыбзэр, и бгъэгур ягъэдахэт дыщафэ хьэзырхэм, лыдт пщIэхэлъ къамэр, и пащIэ сырыхуфэмрэ и нэ нащхъуэхэмрэ, и Iэпкълъэпкъ зэкIужым и теплъэр нэхъри дахэ ящIт. Апщыгъуэм Исмэхьил игъэзэщIащ «Акътамакъ» лирикэ-уэрэд цIэрыIуэр», — итхауэ щытащ Кагиевэ Назифат.

Зауэм ипэ илъэсхэм, СССР-м щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмрэ гъуазджэмрэкIэ декадэм, Москва еблэгъауэ щытащ бгырыс щыгъыныр зыщыгъ уэрэджыIэр. Абы щIыгъуащ къэрэшей усакIуэ Урусов Мыхьэмэд. Ар Исмэхьил и зэдзэкIакIуэт. Къэрачайм къикIахэр пэшым щыщIыхьэм, президиумым хэсахэм ящыщ зы къэтэджри жиIащ: «Къэрачайм и цIыхубэ усакIуэ Исмэхьилрэ абы и зэдзэкIакIуэ Урусов Мыхьэмэдрэ къынэсащ». Абыхэм Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ икIи Семеновымрэ Урусовымрэ президиумым хагъэтIысхьауэ щытащ. Апхуэдэу зэращIар щхьэусыгъуэншэтэкъым. АтIэ, «Давид Сасунский» ермэлы IуэрыIуатэм и илъэс 1000-м Исмэхьил псоми щатекIуауэ щытащ, абы къыхэкIыу, декадэр къызэзыгъэпэщахэм ар къацIыхут.

1938-1939 гъэхэм дунейм къытохьэ «Джырла бла назмула» («Песни и стихи») и тхылъыр, СССР-м и тхакIуэхэм я Союзым хагъыхьэ, Къэрачайм и цIыхубэ усакIуэ цIэр къыфIащ. 1940 гъэм абы къыхуагъэфащэ ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденыр, Сталин и цIэкIэ ят саугъэтым и лауреат мэхъу. 1938 гъэм и жэпуэгъуэм дагъыстан тхакIуэ икIи зэдзэкIакIуэ цIэрыIуэ Капиев Эффенди ди областым и унафэщIхэм лъэIу тхыгъэ хурегъэхь Семеновым и IэдакъэщIэкIхэр зэхъуэкIыныгъэ хэмылъу хурагъэхьыну. Абы итт зэман игъуэтмэ Микоян-ЩIыхьэр (Карачаевск) къэкIуэну, и щхьэкIэ усакIуэм нэIуасэ зыхуищIын папщIэ. 1940 гъэм Семеновым и усэ 11 зэрадзэкI Родов С., Орловскэ Г., Звягинцевэ В., Торопецкэ В., Капиев Э. сымэ икIи «Стихи и песни» тхылъым къытрадзэ.

1942 гъэм ар фашистхэм яIэщIэукIэным мащIэ дыдэщ иIэжар.

↱ 4

Ногай давысы

Мурадым хущIэкъуныр — ехъулIэныгъэм и нагъыщэщ

Тынш дыдэу, абы къыдэкIуэуи къызэрымыкIуэу гъэщIэгъуэнщ уи гъащIэм и махуэ къэс щIэныгъэ унафэщI лэжьыгъэрэ студент щIалэгъуалэм я къару мыкIуэщIрэкIэ бгъэнщIыныр. Иджыри, сабиищым я анэу, щхьэгъусэм и гъусэ пэжу, унагъуэм ис нэхъыжьхэм я щIэгъэкъуэну ущытыныр...

СКГА-м бжыгъэ технологиемкIэ и институтым и унафэщI КУМРАТОВЭ Альфирэ Менлигул и пхъур и гъащIэм апхуэдэ и къалэнхэр куэду къыщеббжэкIыфынущ, ауэ сыт хуэдэ Iуэхухэм яужь имыхьами, псори фIы дыдэу ищIэу ар есащ икIи сыт и лъэныкъуэкIи япэ итщ.

Япэ итыныр, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрыгъыхьэныр, фIагъ лъагэ иIэу псори гъэзэщIэныр абы къыхуэушащ еджапIэм щIэс щIыкIэ. И щIалэгъуэ илъэсхэм мурад ищIахэр — IэщIагъэр къыщыхихам къыщыщIэдзауэ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, институтым и унафэщI щыхъуа нобэрей махуэм щыщIэкIыжу, гъэзэщIэным лъэбакъуэ зырызурэ, гугъуехьхэр къызэринэкIыурэ, ерыщу зэрыхуэкIуам ехъулIэныгъэ къыпэкIуащ. Альфирэ нобэ тыншу тепсэлъыхьыфынущ щIэныгъэрылажьэ, егъэджакIуэ, унэтIакIуэ нэс, сыткIи ехъулIа бзылъхугъэ хъунымкIэ къикIуа гъуэгуанэм. А псоми я щIыбагъ къыдэтщ абы и лэжьыгъэ емышыжыр, егугъуныгъэм и илъэсхэр.

...Игу къегъэкIыж 1997 гъэ илъэс жыжьэхэр, Дагъыстан Республикэм хыхьэ Нэгъуей районым щыщ Терекли-Мектеб къуажэ курыт еджапIэр къэзыуха ныбжьыщIэ цIыкIур, а зэманым цIэрыIуэ «Финансы и кредит» е «Юриспруденция» факультетхэм щIыхьэн мурадыр иIэу, япэу Черкесск къалэм къызэрыкIуар. Комиссэм хэст КъЧкъ-ТИ-м (иджы СКГА-м) еджэныгъэ IуэхумкIэ и проректор, профессор Агайгельдиев Борис Абдулаевич. Абы пщащэм и мурадыр къыщицIыхум, «Прикладная математика» факультетыщIэм и дэфтэрхэр щIилъхьэну тригъэгушхуащ. Апщыгъуэм ныбжьыщIэм гурыщхъуэ гуэрхэр иIами, зэман дэкIри, псори зэтегъэпсыхьа хъужащ, сыту жыпIэмэ Альфирэ фIэгъэщIэгъуэнт щIэ псори зыIэригъыхьэну.

Студенткэр еджэным зэрегугъур гулъытэншэу къэнакъым, ещанэ курсым хэсу институтым ику ит IэщIагъэ къыздыщIах и колледжым щригъэджэну пщащэр ирагъэблэгъащ. Институтыр къиуха нэужь, кафедрэм къыщагъэнэжащ икIи, дыгъуасэрей студенткэм, пщIэрэ щIыхьрэ зиIэ егъэджакIуэ цIэрыIуэхэм ящIыгъуу, и гуащIэдэкI лэжьыгъэм иригъэжьащ. Абы фIыщIэ хуищIу игу къегъэкIыж и егъэджакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Поповэ Еленэ Витальевнэ. Абы и нэIэм щIэту, 2003 гъэм Альфирэ и кандидат диссертацэр пхигъэкIауэ щытащ икIи доцент щIыхьыцIэр иIэу прикладной информатикэмкIэ кафедрэм щылэжьащ.

Альфирэ унагъуэ дищIащ Нэгъуей районым хыхьэ Кызыл-Тогай къуажэм щыщ Кумратов Елдар. Ар дзэ къулыкъум къикIыжа нэужь, МЧС-м хыхьэри, и гъащIэ псом къегъэлакIуэу лэжьащ. Ноби майор Кумратовым абдеж Iуэху щещIэ. Зэрыхъуар арати, и лэжьыгъэ IуэхукIэ ар Краснодар ягъэкIуащ, икIи унагъуэщIэр нэгъуэщI хэгъуэгу Iэпхъуэн къахудэхуащ.

2014 гъэм Альфирэ лэжьэн щыщIидзащ Краснодар крайм и ищхьэ еджапIэ пашэхэм ящыщ Кубань къэрал аграрнэ университетым икIи абдеж проектыщIэхэмрэ грант къэхутэныгъэхэмрэ фIэгъэщIэгъуэну щыхыхьащ. Апщыгъуэми щIэныгъэ лэжьыгъэр IэщIыб ищIакъым икIи и доктор диссертацэм иужь ихьэри, 2024 гъэм Санкт-Петербург къэрал экономическэ университетым ехъулIэныгъэ хэлъу щыпхигъэкIащ. Абы и лэжьыгъэр теухуауэ щытащ «Экономико-математическая исследовательская платформа прогнозирования социальных, финансовых и агроэкономических процессов» жыхуиIэм.

2021 гъэм бзылъхугъэр ирагъэблэгъащ Урысей Академием и Сыбыр къудамэм экономикэмрэ промышленнэ производствэмрэкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэу.

Кумратовхэ я Iуэхур псори хьэлэмэту зэтегъэпсыхьат — фIыуэ ялъагъу лэжьыгъэм пэрытт, псэупIэкIэ къызэгъэпэщат, еджапIэм фIыуэ щеджэ сабиищыр япIт. Ауэ, хэку цIыкIум и джэ макъым, къыдалъхуахэм ягъунэгъуу щытыным, быным анэдэлъхубзэр, щэнхабзэмрэ хабзэмрэ яIэщIэмыкIыным псэхупIэ къраттэкъым икIи, ахэр я щхьэусыгъуэу, унагъуэм нэгъабэ Къэрэшей-Черкесым къагъэзэжащ.

ЖытIэнщи, Альфирэ къызэригъэзэжам Ищхъэрэ-Кавказ къэрал академиер щыгуфIыкIащ, уеблэмэ бжыгъэ технологиемкIэ институтым и унафэщIу трагъыхьащ.

— Пэжыр жысIэнщи, Iуэху зэхэщIыкI зэзгъэгъуэткIэрэ, нэгъуэщI хэгъуэгухэм щыIэ вузхэм щIэныгъэр ипэкIэ зэрыкIуэтар щыслъагъум, сэри сыхуей хъуащ зэманым къыдэунэхуа IэнатIэщIэхэм ди республикэм зыщаужьыну икIи илъэс куэд зэста къэхутэныгъэ лэжьыгъэр адэкIи пысщэну гукъыдэж сиIэми, бжыгъэ технологиемкIэ институтым и унафэщIыныр къыщысхуагъэфащэм, арэзы сыхъуащ. Пэжщ, унафэщI лэжьыгъэм къару куэд токIуадэ, ауэ, студентхэм я нэхэм къыщIих хъуаскIэмрэ бжыгъэ технологием и дунейр къащIэну гукъыдэж зэраIэмрэ щыплъагъукIэ, узэрезэшари пщогъупщэж икIи абыхэмкIэ еджэныгъэр нэхъри нэхъ гъэщIэгъуэн зэрахуэпщIыным ухущIокъу, — къыддогуашэ институтым и пашэр.

Къыхэдгъэщынщи, ищхьэ еджапIэм и унафэщIу зэрытета мази 10-м къриубыдэу, Альфирэ Менлигуловнэ проектыщIэрэ жэрдэм гъэщIэгъуэн куэдрэ къыхилъхьащ. Гулъытэ нэхъыбэу хуещI IT унэтIыныгъэм зегъэужьыным, студентхэр абыкIэ зэхэщIыкIлъагэ яIэу къэгъэтэджыным.

↱ 4

День Республики

Мывэ телъыджэхэр...

«Учитель-дефектолог России-2026» Урысейпсо зэпеуэм и хэгъуэгу Iыхьэм щытекIуа Василенко Оксанэ и коррекционно-зыужьыныгъэ лэжьыгъэм шэщIауэ къыщегъэсэбэп литотерапие Iэмалыр. Абы фIыуэ елъагъу и унагъуэр щIыгъуу зигъэпсэхуну. Бгыхэм, хы ФIыцIэм къыщыхутэмэ, Iэмал имыIэу, къищыпынущ мывэ дахэ цIыкIухэр... и лэжьыгъэм папщIэ. ФыщIэупщIэнкIи хъунущ, егъэджакIуэ-логопедыр мывэ щыкъуей цIыкIухэм сыт ирищIэнур? А упщIэр хуэвгъэув Черкесск къалэм дэт е 10-нэ сабий IыгъыпIэм и логопед Василенко Оксанэ икIи абы къыфхуиIуэтэнущ литотерапием теухуа хъыбар гъэщIэгъуэныщэ...

Логопедием деж литотерапиер — ар сабийм и бзэм зегъэужьынымкIэ IэмалыфIщ. МывэхэмкIэ логопедическэ массаж пщIы хъунущ, Iэпкълъэпкъыр игъэлэжьэнущ. Абыхэм тхыпхъэхэр къыхэпщIыкIыфынущ, гъуэгу лъагъуэ цIыкIухэр пщIыфынущ. Ахэр зэхэбгъэж, Iэгум ипкъузэ, абдеж къыщебгъэжыхь хъунущ икIи къэбгъэсэбэпурэ, сабийм и бзэм зебгъэужьыфынущ, я Iэхэмрэ Iэпхъуамбэ цIыкIухэмрэ езыхэм массаж иращIыжыфынущ, я акъыл къэуххьым зрагъэубгъуфынущ. КъинэмыщIауэ, уритхэфынущ...

Оксанэ Владимировнэ сыхьэт бжыгъэкIэ къыпхутепсэлъыхьыфынущ сабийм и бзэм зегъэужьынымкIэ, егъэфIэкIуэнымкIэ мывэ цIыкIухэр щхьэпэ зэрыхъум. КъинэмыщIауэ, сабийхэм мывэм сурэтхэр тращIыхь – ар нанум и гулъытэр къэзыубыдщ, щысыфу, дэIуэфу зыгъасэ Iэмалщ. Псалъэм папщIэ, мывэхэр зэхыбогъэзэрыхьри, сабийм уоупщI сурэт зытрищIыхьа мывэр къигъуэтыжыну е зы мывэр Iубохри, сабийм доупщI абыхэм яхэкIуэдыкIа мывэмкIэ – а Iэмалхэр хуолажьэ нанум и гулъытэмрэ и акъыл цIыкIумрэ зэтегъэувэным...

ГъэщIэгъуэныщэщ къызэрыкIуэ мывэ цIыкIухэм сэбэпу къахьыр. Марблс мывэр къэбгъэсэбэпурэ логопедическэ джэгукIэу къэбгъэщIыфынур щэ! Фэ фщIэрэ а мывэхэр зыхуэдэр?!

Оксанэ Владимировнэ и хъыбарым адэкIэ пещэ. Къыхэдгъэщынщи, Даун узыфэр зыпкърыт сабий мыпсалъэм шэщIауэ дэлажьэкIэрэ, Марблс мывэхэр къигъэсэбэпкIэрэ, логопедым мазитIым къриубыдэу ехъулIэныгъэ зыIэригъыхьащ: нанум япэ хьэрфхэр къыжьэдэкIын щIидзащ. АтIэ, неврологие и лъэныкъуэкIэ ныкъусаныгъэ зиIэ цIыкIухэм я бзэр къегъэутIыпщыныр зэрыгугъум IэщIагъэрылажьэхэр щыгъуазэщ.

Оксанэ зэрысабий лъандэрэ егъэджакIуэ IэщIагъэм щIэхъуэпсу къэтэджащ. ИкIи, Армавир къэрал пединститутым «учитель-логопед» IэщIагъэм щыхуеджэну щIыхьащ.

— Сэ пасэ дыдэу псэлъэн щIэздзащ икIи сыт щыгъуи гу лъыстэт си ныбжьэгъухэм я псэлъэкIэм хэлъ ныкъусаныгъэхэм. КъызгурыIуэтэкъым «рыба»-м ипIэкIэ «лыба», «волк»-м ипIэкIэ «вовк» щыжаIэкIэ. Уеблэмэ, сабий IыгъыпIэм сыщIэсу, псалъэ гуэр тэмэму жызмыIа гъэсакIуэр щызгъэтэрэзыжым, апщыгъуэм а садым и унафэщIым и къуэдзэу лажьэ си анэм хуэтхьэусыхауэ щытащ. ИужькIэ, институтым сыщеджэу, къызгурыIуащ логопедыр зыхуэныкъуэ лъэкIыныгъэхэр зэрысхэлъыр. Практикэ лэжьыгъэм щыщIэздзам, еджапIэмрэ сабий IыгъыпIэмрэ сыпIащIэу сыкIуэт, — дыщегъэгъуазэ Оксанэ Владимировнэ.

Пщащэм и деж кIэ студент гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIащ. Еджэныгъэ, практикэ, КВН зэхуэмыдэхэм, зэпеуэхэм къинэмыщIауэ, иужьрей курсым хэсу, абы и гъащIэ лъагъуныгъэр къыкъуэкIащ. И курсэгъу-ныбжьэгъур Черкесск къалэм щыщ щIалэ щхьэгъусэ къыхуэхъуат. Абы Оксанэ и телефоныр и щхьэгъусэм и ныбжьэгъум иритащ. ЩIалэм Оксанэ телефонкIэ къыхуеkIэпсауэу щIидзащ, иужькIэ пщащэр здэпсэу унэр зригъэцIыхури, Ставрополь крайм хыхьэ Веселое къуажэм кIуащ. Апхуэдэу, вузыр къиуха нэужь, 2006 гъэм Оксанэ щхьэгъусэ къыхуэхъуащ Черкесск къалэм щыщ Василенко Вячеслав.

Илъэсищ текIри, IэщIагъэрылажьэ ныбжьыщIэр, анэр «Орленок» сабий IыгъыпIэм лэжьапIэ ящтауэ, нобэр къыздэсым абдеж щолажьэ.

Зи бзэм ныкъусаныгъэ иIэхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Абы и щхьэусыгъуэр, Оксанэ Владимировнэ зэрилъытэмкIэ, гаджетхэращ. «Нанум илъагъун хуейщ и адэ-анэр, адрей цIыкIухэр зэрызэпсалъэр, итIанэ езыри абыхэм ящхьу зэрыпсэлъэным хущIэкъунущ», — жеIэ Оксанэ. — Иджырей сабийхэм Iэмал имыIэу сурэт зэмыфэгъу куэд ялъагъун хуейщ. АбыкIэ садым и унафэщIхэм зэралъэкIкIэ зыкъытщIагъакъуэ, ауэ, пэжыр жысIэнщи, ахэр тхурикъукъым. Абы папщIэ, иджы сэ си Iэпэгъущ маркетплейсыр...

«Учитель-дефектолог России-2026» Урысейпсо зэпеуэм и хэгъуэгу Iыхьэм къыщигъэлъэгъуа мастер-классым Оксанэ Владимировнэ тегъэщIапIэ щищIащ ди бгылъэ щIыналъэмрэ литотерапиемрэ. Спектакль цIыкIум ещхьу къызэригъэпэща а теплъэгъуэ телъыджэр псоми я гум дыхьащ, уеблэмэ, жюрим хэса зыр Оксанэ къеупщIат театр вуз къиухамэ.

Василенко Оксанэ IэщIагъэрылажьэ нэхъусащ. «Орленок» сабий IыгъыпIэм и унафэщI Таций Татьянэ жеIэ: «Оксанэ Владимировнэ ди деж зэрыщылажьэмкIэ дехъулIащ. Ар — зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъущ, гуапэщ, нэфIэгуфIэщ».

КъинэмыщIауэ, Василенко Оксанэ 2020 гъэм къыщыщIэдзауэ сабий садым и профсоюз комитетым и пашэщ. Лэжьыгъэм къыдэкIуэу, и щхьэгъусэмрэ и къуитIымрэ гулъытэрэ хуабагъэрэ ялъегъэс.

НобэкIэ ар зэпеуэм и Урысейпсо Iыхьэм зыхуэгъэхьэзырыным иужь итщ.

«Ушынэкъэ?», — соупщI Оксанэ Владимировнэ.

— МынэIуасэ псоми пIейтеиныгъэ къыпхалъхьэ, — зыкъеумысыж абы. — Ауэ щIэуэ хъуар сфIэгъэщIэгъуэнщи, къыспэплъэ Iуэхум щIэ гуэр къыхэсхыным сыхуопIащIэ.

Ищхьэ еджапIэм къыщыджаIэт: «Фи гуфIэкIэмрэ фи гуапагъэмрэ псоми ятекIуэнущ», — щIэгуфIыкIыу къыпещэ Оксанэ Владимировнэ.

Пэж дыдэу, абы и гуфIэкIэр гуакIуэщ...

ИВАНОВЭ Татьянэ.
Сурэтыр БАЙТОКЪУЭ Альбинэ ейщ

Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсым

ЗэдеIэр — лъэщщ

Гъатхэпэм и 18-м, илъэс 12-кIэ узэIэбэкIыжмэ, Кърымымрэ Севастопольрэ я унагъуэ къыщихьэжам — Урысейм щыщ и быну къыщыгуэувэжам и щIыхькIэ республикэм и къалащхьэми, район къэси Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр щекIуэкIащ.

Черкесск къалэм дэт, зи № 18 гимназиер къэралымкIэ, хэгъуэгумкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ тхыдэ къэхъукъащIэхэм сыт щыгъуи толажьэ, щIэблэр блэкIам, нобэм, къэкIуэнум хуащийуэ, хурагъаджэу. А хабзэфIым тету, Кърымымрэ Урысеймрэ зы щыхъужа тхыдэ къэхъукъащIэм теухуа Iуэхугъуэ къызэрымыкIуэ ирагъэкIуэкIащ. «Черкесск-Кърым» и фIэщыгъэцIэу хэгъуэгузэпх телелъэмыж зэпрадзри, километр мин бжыгъэ зэрапхащ, лъэныкъуитIми ягухэр зым, фIым, къэкIуэну дахэм къызэрызэдыхуеуэр ягъэнаIуэу. А зэпыщIэныгъэр ауэ сытми видеозэпсэлъэныгъэу щытакъым, атIэ щэнхабзэ гъэлъэгъуэныгъэ лъэрыхь, зэныбжьэгъугъэм, кавказыбгхэмрэ хы ФIыцIэ Iуфэхэмрэ зэщызыгъэгъуэза лъэмыж быдэ хъущ.

Телелъэмыжым и къызэгъэпэщакIуэу щытыфынур Iуэхум зи гур хуэдзакъэ, гумызагъэ, жэуаплыгъэр зи хьэл-щэн цIыху щыпкъэщ. Апхуэдэщ, атIэ, Къэрэшей-Черкесым къыбгъэдэкIыу зэпыщIэныгъэм телэжьахэр, «Навигаторы детства»-м и пашэ, гимназием и егъэджакIуэ Бархозов Мухьэммад, Ивановэ Ангелинэ сымэ, зи № 17 гимназием къыбгъэдэкIыу — Есэн Дианэ.

Кърымым къыбгъэдэкIыу къапэджэжащ Бахчисарай районым хиубыдэ, Вилин Иван и цIэр зезыхьэ, зи №1 курыт еджапIэм щезыгъаджэ Харламовэ Дарьерэ Феодосие щыIэ, зи № 9 курыт еджапIэм и егъэджакIуэ Марковэ Маринэрэ, еджакIуэхэр.

Телелъэмыж зэпыщIэныгъэм и къыхуеджэныгъэу щытащ «От легенд до ритмов флешмоба» псалъэхэр. Ар ауэ сытми нокIуэкIэ къыхахакъым. АтIэ, къызэгъэпэщакIуэхэм зытращIыхьар мы гъэр лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсу УФ-м и Президентым зэригъэувращ. Ар и купщIэу ди хэгъуэгум и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид 2026 гъэр триухуащ лъэпкъ фIыгъуэхэр, тхыдэр, хабзэхэр гъэлъэгъуэным, утыку ихьэным. Зэкъуэтыныгъэм, лъэпкъ фIыгъуэ уасэншэхэм, тхыдэм, блэкIам и гъэлъэгъуэныгъэ, и джэрпэджэж наIуэу щэнхабзэр, творчествэр зэрыщытыр къыхалъытащ телезэпыщIэныгъэр къыщызэрагъэпэщым.

Сыт, атIэ, ди еджакIуэхэм утыкум щагъэлъэгъуар, сыт гулъытэр къызэрыдашэхар? ЕджакIуэхэм утыкум дахэу кърахьащ лъэпкъ къафэхэр. КъэфакIуэхэм ящыгъа фащэхэм псори блэкIа жыжьэм яхьыжащ, Iуэрыlуатэм хуагъэзэжащ. Гулъытэ хэхакIэ къыхагъэщащ Iэдииху чэщанэжьыр, абы и хъыбарыжьыр ягъэIуащ, и теплъэр дахэу экраным щагъэлъэгъуащ.

Кърымри жэуапыншэу къэнакъым. ЕджакIуэхэм утыкум тэтэр къафэ къыщагъэлъэгъуащ, ди зэманым екIу флешмобхэр зэдащIащ. МыдэкIэ экраным къыщыса ди еджакIуэхэм зыкъаумысыж абыхэм я лъэр щIигъэкIыу, езыхэри утыкум илъадэу екIуэкI Iуэхугъуэхэм гъусэ зыхуащIыну хьэзыру зэрыщытар. Аракъэ, атIэ, езыри «Зы къару» жыхуаIэр?!

АбыкIэ зэпыщIэныгъэр иухакъым. Нэхъри гъэщIэгъуэныжу щытащ Кърымымрэ Черкесскрэ я еджакIуэ жыджэрхэм, набдзэгубдзаплъэхэм, еджэнми еджапIэ гъащIэми щехъулIэхэм яку дэкIа зэпсэлъэныгъэ купщIафIэр.

— Нэхъыщхьэращи, еджакIуэхэр зэпсэлъащ куэд щIауэ зэрыцIыхуа, зэхуэза зэныбжьэгъугъэм хуэдэу. Тепсэлъыхьащ проектхэм, дяпэкIэ я мурадхэм, зэхуаIуэтащ я ехъулIэныгъэхэр, зэхъуэжащ я зэфIэкIхэмкIэ. Апхуэдэ зэпсэлъэныгъэм къегъэлъагъуэ иджырей щIэблэр зы къару лъэрыхьу зэрыщытыр, — жеIэ Бархозов Мухьэммад.

А махуэм хэта, хэлэжьа дэтхэнэми дерс къыхихащ телелъэмыж зэпыщIэныгъэм: псори дызэрызэхуэмыдэм емылъытауэ, фIымрэ Iеймрэ щызэхэдгъэкIыфкIэ, пэжыгъэм, мамырыгъэм дыщызэдыхуэпабгъэкIэ, ар зы къару лъэщ мэхъужри, абы къыпэлъэщын щыIэкъым. ЩIэблэкIэрэ ди фIыгъуэхэр зэIэпытхыныр, ди блэкIам пщIэ хуэтщIыныр, хэгъуэгукIэрэ зэныбжьэгъугъэр тхъумэныр, зедгъэужьыныр — аращ дызэлъыкъуэзыгъэувэри, лъэпкъ уардэ, зыри зытемыкIуэн лъэрыхь дызыщIри.

— Кърымымрэ Къэрэшей-Черкесымрэ нэхъри гъунэгъу дызэхуэхъуащ икIи ар щIэдзапIэ къудейщ, иджыри къэкIуэнышхуэ диIэщ, — жеIэ Бархозовым, лэжьыгъэм зэрыпащэнум шэч къытрыуимыгъэхьэу.

Абы и щыхьэту, а махуэми, иужькIи, ипэкIи мы еджапIэм класс сыхьэтхэр щекIуэкIащ. «Крым-Россия! Навсегда!», «Крым и Россия. 12 лет в одной гавани», «Крым — это Россия, Россия — это Крым» къыхуеджэныгъэхэм щIэту.

ТУАРШЫ Ирэ

Къуэш республикэ ГъэщIэгъуэнщ Тхыдэ

Ерокъуэ къуажэм и Iэхэлъахэм

Даргом (Даргъом) — осетиныбзэм «гъуэгу кIыхь» мыхьэнэращ къыщикIыр. Адыгэхэм «Дэргъуэм ауз» жаIэ.

Япэрауэ, апхуэдэу еджэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лэскэн щIыналъэмрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ я гъунапкъэм тет «Мывалъэ хуей» жыхуаIэ Iэхэлъахэм ипщэкIэ щыIэ щIыпIэу Ташлы-Тала къуажэм и ищхъэрэкъуэкIыпIэмкIэ километри 4-кIэ пыIухам узыщрихьэлIэ къуэладжэм. 1877 гъэм къыдэкIа «Верститхум тещIыхьа дзэ-топограф картэм» («Военно-топографическая. пятиверстная карта 1877 года») ар къызэрыщыгъэлъэгъуар «Долина Дарганъ» фIэщыгъэмкIэщ.

ЕтIуанэрауэ, «Даргъуэм» псалъэр теIукIащ а цIэ дыдэр зезыхьэ псы цIыкIум и сэмэгурабгъумкIэ, иджырей Ташлы-Тала балъкъэр къуажэм и ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ километритхукIэ пэжыжьэу, Лэскэн Езанэ осетин къуажэм къыдэкIыу къуршымкIэ дэзыгъэзей автомобиль зекIуапIэм метр 400-кIэ пыIудзауэ, Хэку зауэшхуэм ипэкIэ Iусыгъа, мы зэманым щымыIэж жылэ цIыкIум.

Даргомдон — осетиныбзэщ («даргъ» — «кIыхь», «дон» — псы). Адыгэхэм — «Дэргъуэпс», балъкъэрхэм (Ташлы-Тала дэсхэм) — «Даргъом суу» жаIэр. Мыр Лэскэн Езанэ жылэм къыщыхуэблагъэ щIыпIэр и къуажапщэмкIэ щыIэми, ди республикэм абдежым щигъунапкъэщ. Лэскэн псым ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ къыщыхолъадэ. Географхэм къызэралъытэмкIэ, Дэргъуэпс и къэунэхукIэр телъыджэщ, щIым и зэхэлъыкIэм куэдрэ къыщымыхъу Iуэхущи. Дауэ щытми, хуомыгъэфэщэну ар къызыхэжар «Хъырзынэпс» (Хазнидон) жыхуаIэ къуршыпс уэру Урыху и тIуащIэмкIэ езыгъэзэкIырщ.

Дэргъуэм къалъэжь — Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, мы щIыпIэхэми пасэм щыпсэуа аланхэм метр 800 зи кIыхьагъ къуэтIыхькIэ къаухъуреихьыжауэ щаухуауэ щыта быдапIэжьщ, мы зэманым жьы хъууэ зэтещэщэжами. ЗдэщыIэр Лэскэн Езанэ къуажэм ОсетиемкIэ гъэзауэ укъызэрыдэкI гъуэгум тIу зыщрищIыкIыу, къуршымкIэ езыIуэнтIэкIым и ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ къедза Iэхэлъахэрщ.

Дэргъуэм хуей — Километррэ ныкъуэрэ зи кIыхьагъ, метр 200 зи бгъуагъ, мы зэманым явэжа щIыпIэщ. Ташлы-Тала къуажэм ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ километри 5-кIэ пыIудзауэ, Дэргъуэпс здежэх ныджэм деж, хуэсэмэгурабгъуу, итщ.

Деикъуащхьэ — Ерокъуэ къуажэм ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ километррэ ныкъуэкIэ пыIухауэ, Лэскэн псым и сэмэгурабгъумкIэ щыIэ мэзым узыщыхуэзэ Деикъуэ къуэладжэм ипщэкIэ щыIэ и къыщIэдзапIэ жыхуиIэщ.

Дыгъапlэ нэкIу — Мы псалъэ зэхэтымкIэ цIыхухэм зи гугъу ящIыр къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ ныджэм къыщхьэщыт Ерокъуащхьэ бгым ипщэкIэ гъэза и Iыхьэрщ.

КIуэкIуэ (КIэкIуей) Жамырзэ и унапIэ — Ерокъуэ къуажэм ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ щыIэ и адрыщIымкIэ (Лэскэн псым узэпрыкIмэ) щыIэ «Выщхьэфlэч» лъагапIэм пэгъунэгъуу, «Ерокъуэ мэз тафэ» зи фIэщыгъэ щIыпIэм дежи щыса унагъуэм и цIэр къызыхуэнарщ.

Къадахъурт (Къардэхъурт, Къудэхъурт) — осетиныбзэкIэ «псы цIыкIу жьгъыру» («къада» — «псы цIыкIу», «хъурт» — «къибыргъукI») жыхуиIэщ. Ерокъуэ и ипщэ адрыщIымкIэ, километри 4-кIэ пыIухауэ, мэзым къызыщыпхиб псынэпсхэр щызэхэлъэдэж къуэладжэщ. И жапIэм километри 6 и кIыхьагъщ. «Дзэлкъэб» зи фIэщыгъэ жыг гуэрэным деж Лэскэн щыхохуэж.

Къадахъурт хэлъэдапlэ — ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа Къадахъурт (Къардэхъурт, Къудэхъурт) мэзыпс цIыкIур, ар дыдэм къыщIэжа «Бдзэжьеикъуэ ЕтIуанэ» зыфIаща псы кIантIэр зыхилъэсэжа иужь, Дзэлкъэб жыг гуэрэным ищхьэкIэ щыIэ и Iыхьэм деж Лэскэн щыхэхуэж щIыпIэщ. Ерокъуэ жылэм и къуажэкIэм метр 500-кIэ пэжыжьэщ.

Къэбард и хуей — Ерокъуэ къуажэм и къухьэпIэмкIэ щыIэ мэзым жыг зэрымыту узыщыхуэзэ фэхущ. ГъэщIэгъуэныр аращи, 2001 гъэм дунейм къытехьа топограф картэм ар зэрихуар «Урочище Кабардихо» жиIэущ.

Къуэ дыдж (къуэ зэв пхыкIыгъуейщ, къыщыщIидзэм деж дэкIыгъуейуэ) — Ерокъуэ къуажэм ипщэ-къухьэпIэмкIэ километри 2 хуэдизкIэ пэжыжьэу, Лэскэн Езанэ осетин жылэм унэмысу, ижьымкIэ узыщрихьэлIэ къуэладжэщ.

Къуэжапщэ мэзакIуэ гъуэгу — Анзорей жылэм и ипщэ-къухьэпIэмкIэ щыIэ губгъуэмрэ абы къыкIэлъыкIуэ псыхъуэ бжьэпэмрэ ящхьэщыт мэз лъабжьэм щIэкI выгу-шыгу зекIуапIэщ.

Къуажапщэ щыгу — Анзорей жылэм ипщэ-къухьэпIэмкIэ къыдекIуэкI лъагапIэ джафэрщ.

Кхъужьеибэ — Ерокъуэ къуажэм и адрыщIымкIэ мэз лъапэм кIэщIэту щиIэ консерв заводым ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ пыIухауэ узыIуплъэ «Ерокъуэ» (а цIэ дыдэр зэрехьар) Iуащхьэжьым и Iэхэлъахэм ит жыг гуэрэнщ.

ЕтIуанэ Бдзэжьеикъуэ (Псыншокъуэ) — Ерокъуэ къуажэм ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ пыIухауэ, Лэскэн къыхэлъэдэж Къардэхъурт псы цIыкIум къыхэкIуэсэж и къуэпсымрэ ар зыдэт къуэбэкъумрэ зэреджэщ.

Елджырыкъуэ хуей — Ерокъуэ къуажэм ипщэкIэ щыIэ мэзышхуэм, километри 3-кIэ пэжыжьэу, узыщыIущIэ, километр 1,5-рэ зи кIыхьагъ, метри 100-м къыщыщIэдзауэ метр 180-м нэблагъэ зи бгъуагъ фэхущ. Узэрихьэфыну гъуэгу закъуэр щыIэри ВыщхьэфIэч сэнтхым дэкIымкIэщ.

Елджырыкъуэ дурэш — Пасэм щыгъуэ апхуэдэу еджэрт «Елджырыкъуэ хуей» жыхуаIэ щIыпIэм ищхъэрэкIэ щиIэ и къуапэу Лэскэн Езанэ жылэм и къуажэкIэм «къыхуэплъэм». Ар икIи жыги къуаци зэрымытщ, метр 300 и кIыхьагъщ, метр 15-м къыщыщIэдзауэ метр 45-рэ зи бгъуагъ щIыгу зэв хэшащ.

Жалгъын (Жалгъэн) хуей — Анзорейрэ Ерокъуэрэ я зэхуаку дэт Дзэлкъэб тхьэ елъэIупIэм (Лэскэн псым и адрыщIымкIэ) и лъабжьэкIэ щыIэ щIыпIэщ, нэхъапэм унагъуэ бжыгъэ щыпсэууауэ.

Мыри къыжыIэпхъэщ. «Жалгъын» псалъэм адыгэхэм кърагъэкIыр урысхэм «тамариск» жыхуаIэ къэкIыгъэрщ. Мы фIэщыгъэм хуэдэ нэгъуэщI щIыпIэхэми уащрохьэлIэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Тэрч адрыщIкIэ щыIэ Терекское жылэм ипщэкIэ узыщыIущIэ къуакIэбгыкIэм «Жалгъыныбэ» цIэр зэрызэрихьэр.

Жалгъынхуей мэз — Анзорей къуажэм и ипщэ-къухьэпIэмкIэ, Лэскэн и ныджэм щхьэщыту узыщыIущIэ мэз кIуэцI фэхущ.

Жалгъынхуей шытх — Ерокъуэрэ Анзорейрэ я зэхуаку дэту, Урыхурэ Лэскэнрэ я псыхъуэхэмкIэ зыгъазэ мэзыпс цIыкIухэр зэщхьэщызыш мэзылъэ тхыцIэщ.

Мыри къыхэгъэщыпхъэщ. Мыбдежым дызыщыхэплъэжа щIыпIэцIэхэр зэщIэзыкъуар УФ-м и дзэ зэщIэуэздахэм хэта, къулыкъум къыпэрыкIыжа полковник Тохъу Мухьэмэдщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн,
"Адыгэ псалъэ",
Налшык къалэ

3

Ногай давысы

Мурадым хущIэкъуныр — ехъулIэныгъэм и нагъыщэщ

Абы къыхишащ ди къэралым IT-компанэ пашэхэм я IэщIагъэлIхэр. «1С» фирмэм, «Ростелеком» ПАО-м, «БФТ-холдинг» ООО-м (Москва къалэ) зэрадэлажьэм и фIыгъэкIэ студентхэм я пащхьэ хэкIыпIэ телъыджэхэр къыщызэIуех.

КъинэмыщIауэ, Кумратовэм и унафэм щIэту институтым и студентхэм я командэр «Цифровые инструменты для бизнеса — 2025» Япэ Урысейпсо IT-марафоным пхыкIащ, Санкт-Петербург къэрал университетымрэ «МИРЭА» Урысей технологическэ университетымрэ ирагъэкIуэкIа олимпиадэм и финалист хъуахэщ.

— ЩIэныгъэфI зрагъэгъуэтын хьисэпкIэ япэм щIалэгъуалэр республикэм икIыу нэгъуэщI хэгъуэгу кIуэуэ щытамэ, иджы ди академием сыт и лъэныкъуэкIи фIагъ лъагэ иIэу псори зэтегъэпсыхьащ. Уеблэмэ, нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIыурэ иджы дэ щIалэгъуалэр еджакIуэ къытхуокIуэ, — жиIащ Альфирэ Менлигуловнэ.

— Ди республикэм и дунейр, и хьэуа къабзэр, и цIыху хьэщIэгъафIэхэр – щэ! Мыбдеж лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа лIыкIуэхэр щопсэу, дэ псоми ди зэхуэдэ унэщ Къэрэшей-Черкесыр. Сэ Дагъыстаным сыкъыщыхъуами, Черкесск къалэри, абы щыпсэухэри фIыщэу солъагъу. АтIэ студент илъэсхэр здыщесхьэкIари, си насыпыр къыздыкъуэкIари мыбдежщ, — къыщIегъуэ Кумратовэм.

ЩIэныгъэ, егъэджэныгъэ Iуэхухэр зэдэзыхь, унагъуэ жьэгур зыхъумэ бзылъхугъэ-унафэщIым и теплъэр, лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ и лэжьыгъэр гушхуэныгъэ къыпхэзылъхьэщ икIи щапхъэ мэхъу гуащIэдэкIымрэ зыхуэбгъэувыжа мурадым ухущIэкъунымрэкIэ.

НАЙМАНОВЭ-ДЭБАГЪУЭ К.

3

Къарачай

Кавказым и уэрэджыIэ

Апщыгъуэм дунейр щIыIэ дыдэти, и лъакъуэхэм щэкI къришыхьэкIри, щIэпхъуэжауэ щытащ. Абы зыщигъэпщкIуат Ищхьэ Марэ дэс щхьэлтет Кочкаров Матай, и гъунэгъу Iыхьлы Хапаев Батдал сымэ я деж. ИужькIэ бгым дэкIри, дыдейхэр къэсыху абдеж зыщигъэпщкIуащ.

Депортацэ илъэсхэм абы и Джулдузхъанрэ и къуэшымрэ дунейм ехыжащ. Семеновым и анэм хуиуса «Анам» жыхуиIэм уи гур хэмыщIу уедэIуфынукъым.

Ибэу къэна сабийхэр гъаблэм иримыгъэхьын папщIэ, Исмэхьил куэду лэжьэн къыхудэхуащ. Колхозым зэрыхэтым къинэмыщIауэ, мывэм къыхэщIыкIа щхьэлхэр иухуэт. Ар ищIын папщIэ, мывэхьэ километри 2-3-кIэ кIуэт.

Исмэхьил Кош-Тебе къуажэм Iэпхъуэжащ. Абдеж щылажьэт Социалистическэ ГуащIэдэкIым и лIыхъужь Шидаковэ Патие. А илъэсым гъавэр бэгъуат, фошыгъу жэгундэр Iуахыжт. Шидаковэм лIыжь гупым зыщIагъакъуэт. Апщыгъуэми Социалистическэ зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр Семенов Исмэхьил къихьауэ щытащ.

Къэрэшей лъэпкъыр куэдрэ зэжьа махуэр къэсащ. Абыхэм хэку цIыкIум къыщагъэзэжам, Семеновыр Учкулан къыщыувыIащ. Абдеж илъэс ныкъуэкIэ щыпсэууэ, Красный Октябрь Iэпхъуэжащ. Абы и дежкIэ а илъэсхэр хуабжьу хьэлъэт, уеблэмэ пенсэ хуагъэувыну къыхудэхтэкъым, и тхыгъэхэри къытрадзэн ядэтэкъым.

Журналист, драматург Аппаев Билал игу къигъэкIыжт радиом щылажьэу Исмэхьил зэрыIущIауэ щытар, ар абы къэкIуат «Минги Тау» уэрэдыр езым зэрейр хэIущIыIу ищIыну.

Семеновыр цIыху зэпIэзэрыту щытащ Абы сабиипщI иIэт: Хьэзрэт, Зубайдэ, Файруз, Хьэнэфий, Маруа, Сарэ, Арафат, Зейдул, Суфиля (Софье), Абдырасул сымэ. И хэкуэгъухэм хуабжьу пщIэ къыхуащIу дунейм тетащ, ноби абы цIыхубэм хуиIа фIылъагъуныгъэр ужьыхкъым, абы и цIэр нэхъри нэхъ ину мэIу.

ЭДИЕВЭ Надиахъан

Контракт къулыкъу

СТАНЬ ПРИМЕРОМ ПАТРИОТИЗМА И ГОРДОСТИ
для будущих поколений — выбери путь единства, братства и преданного служения Родине

В Карачаево-Черкесии объявлен набор в элитное добровольческое интернациональное подразделение «Домбай».

Подразделение «Домбай» – это особые условия службы по контракту для мужчин от 18 до 55 лет:

- срочный контракт от 6 до 12 месяцев без автоматических продлений;
- единовременные денежные выплаты и достойная заработная плата;
- современное обмундирование;
- статус ветерана и все льготы по окончании контракта;
- сохранение основного рабочего места на период прохождения службы в добровольческом подразделении.

Подразделение «ДОМБАЙ» будет действовать в составе прославленной бригады «ТЕРЕК».

Подробнее по адресу: Штаб общественной поддержки Карачаево-Черкесии, г. Черкесск, ул. Кооперативная 6 (2 этаж) или по тел. 8 918 712 00 23. (Звонки принимаются в будни с 09.00 до 18.00)

Стать частью братства «Домбай» - значит стать частью великой миссии!

Черкес хэку
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу
Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
цифровой каналхэм я зыужьыныгъэмкIэ къудамэм и редактор АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.
Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъыныкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. Зэрыщlатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

Фщlэн папщlэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2802-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графикkIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
дежурнэ редактор ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ХЬЭБЭЧЫР Даринэ